ЩIэныгъэлI, къулыкъущIэ, усакIуэ

2-нэ нап.

Азау хуейм уэзрихьэну хабзэщIэ

3-нэ нап.

Кавказ Ищхъэрэм и зыплъыхьыпIэхэм заубгъу

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИIЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№48 (24.642) ● 2024 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 25, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

2024 гъэм и еIуанэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым щIидзащ.«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъибар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Iуэхущ1апIэми.

Мазэ 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуейм - сом 897-рэ кIэлIейкIэ 96-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжьынумэ - сом 814-рэ кIэлIейкIэ 26-рэ.

Ди индексыр П5894

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ

Къэрал къэпщытэныгъэхэр къоблагъэ

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щриГъэкIуэкIащ щIыналъэ гъэсэныгъэ Iэнатlэр къэрал къэпщытэныгъэхэм (ЕГЭ, ОГЭ) зэрыхуэхьэзырым теухуа зэIущIэ.

МЫХЬЭНЭШХУЭ зиIэ и Iуэхум пыщIа Iэнатlэхэм я унафэщIхэр зыхэта зэхуэсым щаубзыхуащ экзаменхэр щекIуэкIыну щыпIэхэмрэ щыщIадзэну зэманхэмрэ ехьэлIа пIэхугъуэхэр, апхуэдэуи гулъытэ хуащIащ къэпщытэныгъэхэм хэтыну Iэщ1агъэлIхэр абыхэм зэрыхуэхьэзырым. КЪБР-м ЕГЭ-джэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэр я Iуэхугъуэхэмкlэ япыщIащ икIи жэуапIныгъэ хэлъу ядолажьэ хабзэхъумэ къулыкъущIапIэхэм, узыншагъэр хъумэныкIэ, зэпыщIэныгъэрэ видео кIэлъыплъыныгъэрэ къызэрэпэщынымкIэ Iэнатlэхэм.

Экзаменхэм кърихьэлIэнущ Iэщ1агъэлI мини 4-м щIигъу. Гулъытэ хэха хуащIынуц абы хэтынуцIыхухэм и чэзум хъыбар егъэщIэныем, лъэпощхьэпоуншэу запыщIэфыным, Интернетым и Iэмалхэр, «телефон пщтыркэр» республикэм и щIыналъэ, щIыпIэ, школ псомиз зэпыу ямыIэу щылэжьыным.

ЗэIущIэм къыщIэтащ школ кIуэгъуэ ныбжьым нэмысхэм щадолажьэ Iэхуущ1апIэхэр къызэщIэзыубыдэ Iэнатlэм иджырей мардэхэм тету лэжьыгъэр къыщIэзгъэпэщыныр. УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ ябзыхуэ федеральнэ программэм ипкъ иткIэ, уэхуныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щекIуэкIынущ щIыналъэм и сабий сад 203-м. Абыхэм ящыщу 4-м лэжьыгъэхэр щаублащ.

Гулъытэншэ ящIакъым сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэри. Республикэм щыпсэу сабийрэ ныбжьыщIэу зи ныбжьыр илъэси 6,5 - 15 хъуэм я зыгъэпсэхугъуэр къызэгъэпэщыным хухахащ щIыналъэ бюджетым щыщу сом мелуан 73-м щIигъу. НыбжьыщIэхэр ирагъэблагъэну загъэхьэзыр узыншагъэр щрагъэфIакIуэ центру, санаторэу, школ лагеру 49-м.

Зэхуэсым зэрыщыжаIамкIэ, мы гъэмахуэм къриубыдэу загъэпсэхуфынущ, я узыншагъэри ирагъэфIэкIуэфынущ школакIуэ 7000-м нэсым, СВО-м хэт ди лъахэгъэ зауэлIхэм я бынхэри, щытыкIэ гугъум ихуа бынунагъуэхэм, сабий куэд щапIхэм ис щIыкIуэхри, зи узыншагъэм сэкъат иIэхри абы хэту.

Апхуэдэу и гугъу ящIащ республикэм и еджапIэ зэгъэпэщыжьын хуейхэм а лэжьыгъэхэр зэрыщекIуэкIым.

«2024 - 2026 гъэхэм къызэхэтхэнэу зэдгъэпэщыжьыну ди мурадщ егъэджэныгъэм пыщIа Iуэхущ1апIэу 57-рэ. Абыхэм текIуэдэну къэрал бюджетым щыхухахащ сом меларди 4,7-м щигъу. Дызэрыт илъэсым йолажь унэ 13-м, абыхэм ящыщу блыр илъэситIым къриубыдэу зэфIэдгъэкIыну дубзыхущ. Ахэр псори къызэгъэпэщащэ щытынущ иджырей Iэмэпсымэхэмкlэ, щIэблэр зэредджэнэжьмкIэ. Апхуэдэуи дыхопIъэ иджыри еджапIэ 91-рэ къызыхуэтынщэу зэгъэпэщыжьыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр ублэным», - къыхиутащащ КIуэкIуэ Казбек.

ЩIыналъэм и промышленностым и зэфIэкIхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым хэхъуэ къезыт Iэнатlэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ промышленностыр. Абы хьакъэ Iуэхущ1апIэу 605-рэ щIыналъэм нобэ щолажьэ. 2023 гъэм промышленнэ индексыр процентти 103,8-рэ хъуащ, икIи, иужьрей илъэсиплIым зэкIэлъхьэужьу, абы къыхэхъуэ зэпытщ. Дунейм къыщекIуэкI экономикэ щытыкIэ гугъум, дэкъуэзныгъэ къыдадыIыпIахэм щхьэкIи къэмынэу, республикэм и промышленнэ Iуэхущ1апIэхэм, щхьэж зэлэжьым теухуауэ, урысейпсо сатущIыпIэхэм кIуэ пэтми увыпIэ нэхъ лъагэхэр щаубыдащ.

ДЭРБЭЗЭР, щэкIэкIэхэм елэжь промышленностхэм, медицинэ оборудованэу, автотранспортым пкъралъхэ пкъыгъуэхэу ящIхэм я куэдагъым хэхъуащ. Уху9ныгъэу, гъуэгу лэжьыгъэу ирагъэкIуэкIхэр кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъум и фыгъэкIэ, чырбышу, асфальтрэ бетонрэ зэхэщIауэ, пэщ кIуэцIхэр, щIыбхэр къызэрыращIыкI материалу, гъущIым ящыщIыкIа пкъыгъуэ, пластик щхьэгъубжэу къыщIагъэкIми хэпщIыкIыу хэхъуащ.

Дэ диIэщ къралым щыпэрыт Iуэхущ1апIэхэр, къыщIагъэкI продукцэхэмкIэ къапэлъэщын щымыIэу, хамэ къэралхэм щащIхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыфIу, икIи абыхэм я зэфIэкIхэм хагъахьуэ зэпыту.

Псалъэм пащIэ, «Терекалмаз»-м щIидзащ Iэрыщ1 налмэсхэр къыщIигъэкIын, абыхэм я быдагъыр хуэди 10-кIэ нэхъыбэщ хамэ къэралхэм щащIхэм нэхърэ. Рентген обрудованэ къыщIэзыгъэкI Iуэхущ1апIэхэм я деж «Севкаврентген-Д»-м бжьыпэр щиныгъщ. 2024 гъэм зэрыщIидзэрэ продукцэу нэгъуэщI щыпIэхэм абы яхуригъэшам и куэдагъыр хуэди 2,6-кIэ нэхъыбэщ, а лъэхъэнэм хуэзэу нэгъабэ щыIа бжьыгъэхэм нэхърэ.

Республикэр инвесторхэм жьыдэжру ядолажьэ. Щ1ыналъэм и экономикэм нэгъабэ инвестицэ ахъшэу къыхахьхьам и куэдагъыр сом мелард 63-рэ хъуащ.

Щ1ыналъэм и пэхущIэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ Тырныауз дэт комбинатым и лэжьыгъэр зэтеуухужьныр. Ар къэрал мыхьэнэ зиIэ ухуэныгъэхэм хохьэ.

Апхуэдэуи, илъэс куэдкIэ мылажьэу щыта Iуэхущ1апIэхэр едгъэжьжьын тхуэдэфIокI. Я лэжьыгъэр зэтрагъэувэжакIэщ кабель лъэщхэр къыщIэзыгъакI Iуэхущ1апIэм, Тырныауз и гипс, Щэджэм и абдж заводхэм.

Псалъэм къыдэкIуэу, унэхэр къызэрыращIыкI пкъыгъуэхэр къыщIэзыгъэкI Iэнатlэщ1э «Гипсолит»-м къыщIэзыуахащ, абы щолажьэ щIыкIуэ 215-рэ. Щэджэм и абдж заводым щагъэув медицинэм къыщагъэсэбэп абджым къыхэщIыкIа Iэмэпсымэхэр къыщIэзыгъэкI линиищIэ, абым щIыкIуэ 300-м Iэнатlэ къарет. «Кавказкабель ТМ»-м къыщIигъэкI продукцэм и уасэр сом зы мелардым щхьэдэхэри, меларди 7,2-м нэзэрыхьэсащ. А Iэнатlэм щолажьэ щIыкIуэ 70. Бахъсэнэр Къэщкъэтаурэ щыIэ дэрбзэр фабрикэхэм дэтхэнэми щIыкIуэ 400 щолажьэ, - дикъыщоджэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и телеграм-каналым.

«ЩIэн къытесхьэрхьым республикэм и промышленнэ зэфIэкIыр зэрынэхъыбэм, абыхэм иджыри зегъэубгъун хуейщ, абы хуэунэтIа лэжьыгъэри къэдгъэувыIэркъым», - къыхиутащащ КIуэкIуэ Казбек.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Налшык щахуэ поликлиникэ №1-м лэжьыгъэр зэрыщекIуэкIыр къыпщытащ.

- НЭХЪАПЭКIИ къызэрызэгъэщащи, поликлиникIэ абы щылэжьэнуэхэми къекIуалIэ щыхуэхэми я тыншыпIэм сыт и лъэныкъуэкIи хуэщIауэ щытынущ. Сымаджэхэр чэзум щызэтримыхьэу щызэблэкIыфынущ, узыхуейр псынщIэу къыщыбгъуэтыфын папщIэ гъэуэгуГъэльэгъуэхэмкIэ къызэрагъэлэщынущ, - щIыхуэ гъэлъэгъуэхэмкIэ и Iэтащхьэм.

Хьураным и щIэр зезыхьэ узрамым, поликлиникэр зытетым, зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэр щрагъэжьащ. Iуэхущ1апIэм къеГъэщIыпIа щIыналъэри зыхуей хуагъэзэнущ.

Ухуэныгъэр къепщытэ

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмрэ егъэджэныгъэмрэ я нэIэ щIэтщ

КЪБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIа зи чэзу зэIущIэм депутатхэм еджэгъуитIкIэ республикэ закон зыбжанэм я проектхэр къыщащтащ.

АБЫХЭМ ящыщщ «ЦIыхумрэ щIыпIэхэмрэ щIыуэпс къэхъуакIэщ1э щынагъуэхэм ящыкIымэнэм теухуауэ» КЪБР-м и Законым и Iыхьэ 31-м, «ЦIыхубэ Iэпщ1эльапщ1агъэхэм ехьэлIауэ» КЪБР-м и Законым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и туризмэм и IуэхукIэ» КЪБР-м и Законым и Iыхьэ 4, 5-хэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КЪБР-м и законхэм я проектхэр. Апхуэдэуи депутатхэм яГъэбелджылащ гъэм и зэманым теухуауэ ящэ хьэпшыпхэм (вакъэ, щыгъын, нэгъуэщIэри) ныкъуасанигъэ яIэу къыщыщIэкIым, щэхуакIуэм и хуитытыныгъэхэр къызэпыуда мыхъуным теухуа законопроектыр.

Депутатхэм къащтащ «Егъэджэныгъэм теухуауэ» КЪБР-м и Законым и Iыхьэ 10-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» законопроектри. Ар яГъэхьэзыращ федеральнэ законодательствэм зэхъуэкIыныгъэ зэрыгъуэтам къыхэкIыу. Дэфтэрым къыщIигъэльэгъащ узыншагъэкIэ сэкъат яIэу я унэхэм щрагъаджэхэр пщIэншэу тIэу щхьэнкIэ къызэрызэрагъэпэщ щыкIэр зэраубзыхур, ар ахъшэкIэ зэрахъуэкIыну Iэмал зэраIэр (КЪБР-м и Правительствэм зэригъэбелджылым тещIыхьауэ).

ЗэIущIэм щедэIащ КЪБР-м ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэныкIэ и уполномоченнэм 2023 гъэм зэфIигъэкIа лэжьыгъэм. Зумакуловым Борис жиIащ цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъума хъуным хуэгъэзауэ щыIалъэ унафэщIхэми, жылагъуэ, дин Iуэхущ1апIэхэми зэрадэлажьэр. 2023 гъэм гулъытэ хэха иIащ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам хэтхэм ядэIэпыкъуным.

- ЦIыхухэм зыкъытхуагъаз дзэ Iуэху хэхам хэт я IыхьэлIэгъэ къагъэтэжьмкIэ щIэгъэкIуэн дахуэхъуну къыдэдыIуэри нэгъуэщI Iуэхухэмкlи. Къэбэрдзыгъэрэмэ, 2023 гъэм зыкъызэрытхуагъаз 540-рэ къытIэрыхьащ, - жиIащ къэмадзэм. - Къыхэгъэщ1апхъэщ иужьрей илъэсхэм къытIэрыихьэ тхъэусыхафэхэм я бжьыгъэ кIуэ пэтми нэхъ мащIэ зэрыхъур. Нобэ республикэм жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэмылIуэжьыгъуэхэр щолажьэ, щIыналъэм и Iэтащхьэри КЪБР-м и Правительствэмрэ КЪБР-м и Парламентымрэ я Унафэщ1эхэри цIыхухэм яIуощIа - а псор сэбэп мэхъу республикэм щыпсэухэм я гугъуехьэхэр нэхъ мащIэ хъуным. Абы щыгъуэми лъэпощхьэпо куэд иджыри, дауи, диIэщ. Псом нэхъыбэу зыкъытхуэзыгъаззэр зи ныбжь хэкIуэтахэрщ, ныкъуэдыкъуэхэрщ. Ахэр арэзыкъым къахь ахъшэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэмрэ ерыскъыхэхIэхэмрэ я уасэр зэрынымкIэ. Дэ сыт щыгъуи дыхущIокъу цIыхухэм я хуитыныгъэхэр къызэпудамэ, захуагъэр зэтедгъэувэжьыну, жылагъуэ Iуэхухэм, школхэм къыщыщ1эрагъэпэщ дерсхэм дыхэтыну.

КЪБР-м ЦIыхум и хуитыныгъэхэр зэрыныкIэ и уполномоченнэм къыхиутащащ сабий зеиныжэр унэкIэ къызэгъэщIыныным теухуа законыр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъым зэрыхуейри лъэхъуэщIым исахэр къуэтыпщыжа иужькIэ, ахэр жылагъуэм хэгъэзагъэжьыным ехьэлIауэ пэжьыгъэ къыщыбгъуэтыфын папщIэ къызэрагъэлэщынущ, - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

Хьураным и щIэр зезыхьэ узрамым, поликлиникэр зытетым, зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэр щрагъэжьащ. Iуэхущ1апIэм къеГъэщIыпIа щIыналъэри зыхуей хуагъэзэнущ.

ЦIыхум и хуитыныгъэхэмрэ я нэIэ щIэтщ

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIа зи чэзу зэIущIэм депутатхэм еджэгъуитIкIэ республикэ закон зыбжанэм я проектхэр къыщащтащ.

АБЫХЭМ ящыщщ «ЦIыхумрэ щIыпIэхэмрэ щIыуэпс къэхъуакIэщ1э щынагъуэхэм ящыкIымэнэм теухуауэ» КЪБР-м и Законым и Iыхьэ 31-м, «ЦIыхубэ Iэпщ1эльапщ1агъэхэм ехьэлIауэ» КЪБР-м и Законым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и туризмэм и IуэхукIэ» КЪБР-м и Законым и Iыхьэ 4, 5-хэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КЪБР-м и законхэм я проектхэр. Апхуэдэуи депутатхэм яГъэбелджылащ гъэм и зэманым теухуауэ ящэ хьэпшыпхэм (вакъэ, щыгъын, нэгъуэщIэри) ныкъуасанигъэ яIэу къыщыщIэкIым, щэхуакIуэм и хуитытыныгъэхэр къызэпыуда мыхъуным теухуа законопроектыр.

Депутатхэм къащтащ «Егъэджэныгъэм теухуауэ» КЪБР-м и Законым и Iыхьэ 10-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» законопроектри. Ар яГъэхьэзыращ федеральнэ законодательствэм зэхъуэкIыныгъэ зэрыгъуэтам къыхэкIыу. Дэфтэрым къыщIигъэльэгъащ узыншагъэкIэ сэкъат яIэу я унэхэм щрагъаджэхэр пщIэншэу тIэу щхьэнкIэ къызэрызэрагъэпэщ щыкIэр зэраубзыхур, ар ахъшэкIэ зэрахъуэкIыну Iэмал зэраIэр (КЪБР-м и Правительствэм зэригъэбелджылым тещIыхьауэ).

ЗэIущIэм щедэIащ КЪБР-м ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэныкIэ и уполномоченнэм 2023 гъэм зэфIигъэкIа лэжьыгъэм. Зумакуловым Борис жиIащ цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъума хъуным хуэгъэзауэ щыIалъэ унафэщIхэми, жылагъуэ, дин Iуэхущ1апIэхэми зэрадэлажьэр. 2023 гъэм гулъытэ хэха иIащ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам хэтхэм ядэIэпыкъуным.

- ЦIыхухэм зыкъытхуагъаз дзэ Iуэху хэхам хэт я IыхьэлIэгъэ къагъэтэжьмкIэ щIэгъэкIуэн дахуэхъуну къыдэдыIуэри нэгъуэщI Iуэхухэмкlи. Къэбэрдзыгъэрэмэ, 2023 гъэм зыкъызэрытхуагъаз 540-рэ къытIэрыхьащ, - жиIащ къэмадзэм. - Къыхэгъэщ1апхъэщ иужьрей илъэсхэм къытIэрыихьэ тхъэусыхафэхэм я бжьыгъэ кIуэ пэтми нэхъ мащIэ зэрыхъур. Нобэ республикэм жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэмылIуэжьыгъуэхэр щолажьэ, щIыналъэм и Iэтащхьэри КЪБР-м и Правительствэмрэ КЪБР-м и Парламентымрэ я Унафэщ1эхэри цIыхухэм яIуощIа - а псор сэбэп мэхъу республикэм щыпсэухэм я гугъуехьэхэр нэхъ мащIэ хъуным. Абы щыгъуэми лъэпощхьэпо куэд иджыри, дауи, диIэщ. Псом нэхъыбэу зыкъытхуэзыгъаззэр зи ныбжь хэкIуэтахэрщ, ныкъуэдыкъуэхэрщ. Ахэр арэзыкъым къахь ахъшэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэмрэ ерыскъыхэхIэхэмрэ я уасэр зэрынымкIэ. Дэ сыт щыгъуи дыхущIокъу цIыхухэм я хуитыныгъэхэр къызэпудамэ, захуагъэр зэтедгъэувэжьыну, жылагъуэ Iуэхухэм, школхэм къыщыщ1эрагъэпэщ дерсхэм дыхэтыну.

КЪБР-м ЦIыхум и хуитыныгъэхэр зэрыныкIэ и уполномоченнэм къыхиутащащ сабий зеиныжэр унэкIэ къызэгъэщIыныным теухуа законыр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъым зэрыхуейри лъэхъуэщIым исахэр къуэтыпщыжа иужькIэ, ахэр жылагъуэм хэгъэзагъэжьыным ехьэлIауэ пэжьыгъэ къыщыбгъуэтыфын папщIэ къызэрагъэлэщынущ, - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

Хьураным и щIэр зезыхьэ узрамым, поликлиникэр зытетым, зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэр щрагъэжьащ. Iуэхущ1апIэм къеГъэщIыпIа щIыналъэри зыхуей хуагъэзэнущ.

● Адыгэ Псалъэ ● apkbr.ru ● adyghe@mail.ru ● smikbr.ru ● Адыгэ Псалъэ ●

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ

Щ1ыналъэм и промышленностым и зэфIэкIхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым хэхъуэ къезыт Iэнатlэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ промышленностыр. Абы хьакъэ Iуэхущ1апIэу 605-рэ щIыналъэм нобэ щолажьэ. 2023 гъэм промышленнэ индексыр процентти 103,8-рэ хъуащ, икIи, иужьрей илъэсиплIым зэкIэлъхьэужьу, абы къыхэхъуэ зэпытщ. Дунейм къыщекIуэкI экономикэ щытыкIэ гугъум, дэкъуэзныгъэ къыдадыIыпIахэм щхьэкIи къэмынэу, республикэм и промышленнэ Iуэхущ1апIэхэм, щхьэж зэлэжьым теухуауэ, урысейпсо сатущIыпIэхэм кIуэ пэтми увыпIэ нэхъ лъагэхэр щаубыдащ.

ДЭРБЭЗЭР, щэкIэкIэхэм елэжь промышленностхэм, медицинэ оборудованэу, автотранспортым пкъралъхэ пкъыгъуэхэу ящIхэм я куэдагъым хэхъуащ. Уху9ныгъэу, гъуэгу лэжьыгъэу ирагъэкIуэкIхэр кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъум и фыгъэкIэ, чырбышу, асфальтрэ бетонрэ зэхэщIауэ, пэщ кIуэцIхэр, щIыбхэр къызэрыращIыкI материалу, гъущIым ящыщIыкIа пкъыгъуэ, пластик щхьэгъубжэу къыщIагъэкIми хэпщIыкIыу хэхъуащ.

Дэ диIэщ къралым щыпэрыт Iуэхущ1апIэхэр, къыщIагъэкI продукцэхэмкlэ къапэлъэщын щымыIэу, хамэ къэралхэм щащIхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыфIу, икIи абыхэм я зэфIэкIхэм хагъахьуэ зэпыту.

Псалъэм пащIэ, «Терекалмаз»-м щIидзащ Iэрыщ1 налмэсхэр къыщIигъэкIын, абыхэм я быдагъыр хуэди 10-кIэ нэхъыбэщ хамэ къэралхэм щащIхэм нэхърэ. Рентген обрудованэ къыщIэзыгъэкI Iуэхущ1апIэхэм я деж «Севкаврентген-Д»-м бжьыпэр щиныгъщ. 2024 гъэм зэрыщIидзэрэ продукцэу нэгъуэщI щыпIэхэм абы яхуригъэшам и куэдагъыр хуэди 2,6-кIэ нэхъыбэщ, а лъэхъэнэм хуэзэу нэгъабэ щыIа бжьыгъэхэм нэхърэ.

Республикэр инвесторхэм жьыдэжру ядолажьэ. Щ1ыналъэм и экономикэм нэгъабэ инвестицэ ахъшэу къыхахьхьам и куэдагъыр сом мелард 63-рэ хъуащ.

Щ1ыналъэм и пэхущIэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ Тырныауз дэт комбинатым и лэжьыгъэр зэтеуухужьныр. Ар къэрал мыхьэнэ зиIэ ухуэныгъэхэм хохьэ.

Апхуэдэуи, илъэс куэдкIэ мылажьэу щыта Iуэхущ1апIэхэр едгъэжьжьын тхуэдэфIокI. Я лэжьыгъэр зэтрагъэувэжакIэщ кабель лъэщхэр къыщIэзыгъакI Iуэхущ1апIэм, Тырныауз и гипс, Щэджэм и абдж заводхэм.

Псалъэм къыдэкIуэу, унэхэр къызэрыращIыкI пкъыгъуэхэр къыщIэзыгъэкI Iэнатlэщ1э «Гипсолит»-м къыщIэзыуахащ, абы щолажьэ щIыкIуэ 215-рэ. Щэджэм и абдж заводым щагъэув медицинэм къыщагъэсэбэп абджым къыхэщIыкIа Iэмэпсымэхэр къыщIэзыгъэкI линиищIэ, абым щIыкIуэ 300-м Iэнатlэ къарет. «Кавказкабель ТМ»-м къыщIигъэкI продукцэм и уасэр сом зы мелардым щхьэдэхэри, меларди 7,2-м нэзэрыхьэсащ. А Iэнатlэм щолажьэ щIыкIуэ 70. Бахъсэнэр Къэщкъэтаурэ щыIэ дэрбзэр фабрикэхэм дэтхэнэми щIыкIуэ 400 щолажьэ, - дикъыщоджэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и телеграм-каналым.

«ЩIэн къытесхьэрхьым республикэм и промышленнэ зэфIэкIыр зэрынэхъыбэм, абыхэм иджыри зегъэубгъун хуейщ, абы хуэунэтIа лэжьыгъэри къэдгъэувыIэркъым», - къыхиутащащ КIуэкIуэ Казбек.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Лlэщlыгъуитlым нэблэгъауэ

Нобэ, мэлыжьыхьым и 25-м, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и жэрдэмкIэ, мы гъэм илъэс епщыкIуплIанэ хъуауэ догъэлъапIэ Адыгэ ныпым и махуэр.

ЛЪЭПКЪ къэс езым иIэжщ и къежьапIэ, и тхыдэ, и хабзэ, щэнхабзэм, гъэсэныгъэм ехьэлIа щхьэхуэныгъэхэр. Дэтхэнэми ахэр хуэсакъыу яхъумэ, адрей лъэпкъхэм екIуу я пащхьэ зэрыралъхьэнум, зэрыпагъэцIыхуным яужь итщ.

Лlэщlыгъуитlым нэблэгъауэ адыгэм къыдэгъуэгурыкIуэ ныпым пщIэшхуэ иIэщ, 2010 гъэм щыщIэдзауэ абы и маХуэм лъэпкъымкIэ мыхьэнэ иIэ хъуащ. Мы гуфIэгъуэ махуэм зэхъыхьэ дахэхэр щагъэкIуэкI Урысейм адыгэ зэрыс и хэгъэгухэм, ди лъэпкъэгъуэхэр щыпсэу къэралхэм. Зэхуэсхэм къэкIуалIэ нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри. НыбжьыщIэхэм адыгэм и тхыдэр, щэнхабзэр ящIэу, Хэкум иригушхуэу, нэгъуэщI лъэпкъхэм пщIэ хуащIу къагъэхъунымкIэ мы Iуэхугъуэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ. Абы си къару хэзылъхьэ псоми фIыщIэ мыухыж яхуэфащэщ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм хэтхэм, си щхьэм къыбгъэдэкIыу гуапэу адыгэу щыIэм сынывохъуэхъу узынщагъэ быдэ, екъулIэныгъэ куэд фиIэну, лъэпкъым ныкъуэщхьэпэн Iуэху куэд влэжьну!

ИугъащIэ, зреузэщI ди адыгэ лъэпкъым! ИрещIэращIэ Хэкур, лъэпкъым я зэныбжьэгъугъэр, яку дэлъ цIыхугъэ лъагэр нэхъри быдэ ирехъу!

Адыгэ ныпым и махуэмкIэ!

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

● Нобэ Адыгэ ныпым и махуэщ

Къэрал 50-м щIигъум щаIэт

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и жэрдэмкIэ 2010 гъэм щегъэжьауэ Адыгэ ныпым и махуэр мэлыжьыхьым и 25-м щагъэлъапIэ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм. Апхуэдэуи ди лъэпкъэгъуэр щыпсэу къэрал 50-м щIигъум бзэрыкIым и махуэр щаIэт. БлэкIа илъэс зыбжанэм кIурибыдэу мы махуэшхуэм лъэпкъ, дунейпсо мыхьэнэ иIэ хъуащ. Ар и нэщэнэщ зэгуэрым зэбгрыпхъа хъуа адыгэ лъэпкъыр нобэ нэхъ гъунэгъу зэрызэхуэхьужым, щIалэгъуалэр яхьыжкIам и тхьэдэм зэрыдихьэжым. Ныпым и къежьапIэ хъуам, абы лъэпкъым дежкIэ иIэ мыхьэнэм, нобэ адыгэ ныпым хуащI пщIэм теухуауэ дызыщыгъуазэ псори щызэхуэтхьэсащ мы тхыгъэм.

Япэу и гугъу щащIар

АДЫГЭ ныпым и гугъу япэ дыдэ зыщIар инджылыз зыплъыхьакIуэ Спенсер Эдмундщ. «Шэрджэс щIыналъэм сызэрыкIуар» тхылъым абы къыщIуэта гупсысэхэм тетхьыкащ адыгэ тхакIуэ Къуикъуэ Асфар.

А гукъэкIыжкхэр 1839 гъэм тхылъ щхьэхуэу Лондон къыщыдэкIуэ щытащ. Япэ напэкIуэщIым щхьэхэпIэлъыкIэу къыщыгъэльэгъуа адыгэ ныпым тепсэлъыхьурэ, Спенсер его: «Iэтащхьэ къэсар къезыгъэблагъэ фоч уэ макъэхэр зэрыцыВIэу, екIуу хэупа зауэлI мин щIуэ зэкIэлIпIэрэри, асыхьэтым щэрджэс щIалэ бжьыфIэ гупым дыкъыхъуреихьащ. Ясыныкъуэхэр къызэрыгуэкIыу, мэкъумэщышхэхэм ещхьу хуэпат, адрейхэм Iэщ-фащэр къакIэрыпудыкIырт. Абдежьым Хьерсыс СултIан зи щIэ тхьэмадэ махуэм къыщыдзэкIуэщIихащ Истамбыл къраха, Тырким пщIэшхуэ щызиIэ пщы гуащэм Iэкlуэльакlуэу хидыкIа ныл дахащэр. Апхуэдизу зыщIэхъуэпс лъэпкъ бэракъыр къызэралъагъуу, а щIыху къомым я гум из хъуауэ къыщыпкI гуфIэгъуэр нэхъри щIиIэтэу джатэ мин уафэм хуэгъэзауэ дыгъэм пэлыдащ».

Вагъуэ пщыкIытIымрэ шабзищымрэ

КЪЭХУТАКIУЭХЭР зэтемыхуэу топсэльыхь Адыгэ ныпым тет дамыгъэхэм. Ясыныкъуэхэм ар адыгэ лъэпкъ пщыкIытIым я зэкъуэтынигъэм и дамыгъэу ябж. Адрейхэм ахэр Щыми, Уафэми, Псыми щыIэрыхуэ Лъэпщ и шабзэшхэм я дамыгъэу къальытэ. Ауэ ныпым щIэлъ гупсысэ куум улъэIэсын папщIэ, аргуэру тхыдэм гъэзэжьыпхъэщ.

Домбеякъ лъэхъэнэм хиубыдэу хьэтхэм хъащIэна фэеплъэхэм захуэбгъазэмэ, нэрылъагъу мэхъу адыгэ бэракъым и зэхэлъыкIэми и кулущIэми адыгэ-хьэт дамыгъэхэр я лъабжьэу зэрыщытыр. Гъуэплъэм, домбеякъым, дыщэм къыхэщIыкIа хьэт дамыгъэ хъурейхэр ди эрэм и пэкIэ минитI гъэхэм щыIа Аладжэ Хьуакъуэ щэнхабзэм хеубыдэ. А лъэхъэнэр археологэм Мейер Iуэлъэп щэнхабзэм ирагъ. Абыхэр Хьэт пащтыкъыныгъэм дыгъэр и лъабжьэу яIа дамыгъэ зэпрыдзымрэ тещIыхьауэ жыпIэ хъунущ XIX лIэщIыгъуэм «къагъэщIэрэщIэжа» адыгэ ныпым. Дыгъэм и къэухъ узыпIупIэм вагъуибгъу тету дамыгъэ хъурей ирокIуэ. Ику ит щэнхабзэм вагъуэ щыIауэ итщ. Щабзищ зэблэдзам хьэтхэм я дамыгъэ зэбгрыуэзнатIэр нэхъ зэщIэкъуауэ къеГъэльагъуэ: мамырыгъэм, мэкъумэшым теухуар IуагъэкIуэтри, шабзэшэхэм я теплъэ папщIэжкIэ зауэм пыщIа Iыхьэр нэхъ къыщыгъащIэ.

Бэракъым и нобэр

ИУЖЬРЕЙ илъэс 20-м адыгэ ныпыр Кавказым исхэми хэхэс адыгэхэм я дежкIи лъэпкъ дамыгъэ нэхъыщхьэ хъуащ. Нобэ ар щыдолъагъу автобусхэм, щыгъынхэм, сыхьэтхэм, нэгъуэщI куэдми кIыхьрещIу. А ныпыр щамыIыгъ зы адыгэ хьэгъуэлIыгъуэ ек

Пшынэкіэ псэр зыгъэнщі

***Нобэ и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу адыгэ пшынауэ Іэзэ, КъБР-м щыхь зиІэ и артист, КъБР-м и цІыхубэ артист Къуэдз Іэбубэчыр (Михаил). Й сабиигъуэм щегъэжьауэ пшынэр зи Іэпэгъуэм езыми куэд хуигъэсэщ абы. Къуэдзым и деж пшынэ еуэн щыщІэзыдзэхэм къахэкІащ республикэм и гупъэтэ зыхуагъэфэщахэр. Ноби Іэнатіэм гурэ псэкІэ пэрытщ, сабийхэр пшынэм хуигъэсэнымкІэ УФ-м и «Макъамэ» ансамблым и художественнэ унафэщІщ. Пшынэ еуэну къыззыщІидзамкІэ, езым и Іэ-сэнэхэм я екъуІэныгъэхэмкІэ, гъуэдджэм теухуа и гупсысхэмкІэ къыддэгуэшащ ар.**

- Къуэдз Іэбубэчыр зэрыжаІэм нэхърэ нэхъыбэрэ Къуэдз Михаил зэхэдэк. ПІумкІи къыщІоджэм и щхьэусыгъуэр сыт?

- 1965 гъэм «Кабардинка» ансамблым лэжьэн щыщІэздзащ зиІэ дыдэу. Илъэсищ дэкІри радиом сраГъэблагъащ, си къафэхэр ятхыну. Сэ абы егъэлеяуэ сыщыгуфІыкІат, сыту жыпІэмэ апэхэм Пщыхьэщіэ Мухьэжыр, Къашыргъэ КІурацэ сымэ радиом къатырейти, сехъуапсэрт. Сэкрэх Къэсэн абы щыгъуэ макъамэмкІэ редактор. Къафищ ятхауэ щытащ: лирическэ макъамэ, Къуэдзым и къафэр, нэгъуэщІ зы къафэжь. Лирическэм ІэмыщІ, мыдрей макъамитІыр сэ къэзгуісыщащ. Макъамэхэр ятха нэужь, Хьэсэн къызэупщІащ къызэрызэджэмкІэ. Сэ радиом сызэрыщІымэ, си къафэхэр зэратхым ахуэдизкІэ пІейтей сищІати, си цІэр жысІэн хуеиуи семыгупсысу, «Уэрей сыимыщІ, МышІэ цІыкІу жаІэ» жеСІащ. Езыми «хъунщ» жери сыкъыщІигъэкІыежащ. Пщэдджьыжьым радиом къет: «Къуэдз Михаил игъэзащІу къафэ федаІуэ». Арати, радиом Къуэдз Михаилу сыкъит хъущ. Нэхъапэхэм «Кабардинка»-м гонорар къыщІэзатхэм деж, си паспортым итщІэмрэ зыфІэщыжамрэ щыізэхэзэрыль щыІэти, абы нэхъ гугъу сригъэхьырт. Ауэ куэд дэмыкІыу пощтымкІэ сыкъащІэри, абыи и ягъэ къызэкІакъым. ИтІанэ зыгуэрым жиІэу зэхэсхащ, псевдоним сиІэну сыхуиту.

Сэ зыкъомрэ Бахьсэн сыкъикІыурэ сыпсэжащ. Ди благъэ гуэрым и деж сыщыІэт. Махуэ гуэрым маршруткэ сызэрысым зы бзылъхугъэ къитІысхьат, фэкІэ сыкъищІыхуу. «Къуэдз Михаил уи къуэ? Уэр фІэкІа умыщІу, пшынэ еуэу зыгуэр щыІэщ», - жиІащ. «НтІэ, ари пшынэ еуэу езгъэсащ», - жысІащ кІыхь зезмыгъэщІын щхьэкІэ. Апхуэдэу куэдрэ сригушыІащ си цІэ лейм, абы теухуа хьыбархэр зыкъомкІэ.

- «Макъамэ» пшынауэ гупым и зэфІэкІым утеэгъэпсэлъэхьынут.

- 1987 гъэм «Кабардинка»-м сыкъыхэкІыжри, творчествэмкІэ сабийхэмрэ щІалэгъуэмрэ я унэм сыкъэкІуащ «Нал цІыкІу» къэфакІуэ гупым и пшынауэу. 1994 гъэ пщІондэ сылэжьащ. А Іуэхущ Іапіэм и унафэщІу щытА Къалмыкъ Кларэ «сабийхэр пшынэм уеБгъэджамэ хъарзынэт щыжиІэм, а гъэ дыдэм пшынэм хуэзгъэсэну гуп зэхуэтэщэат, а зэманым къыщІэкІыу щыта «Кабардино-Балкарская неделя» газетым хъыбарегъащІэ къыттедэгъи. Пшынэр хуэІыгъ къудейм, щыкІу дыдэкІи къакІуэ хъурт. «Макъамэ» ФІэтщащ гупым. Ятп дыдэу згъэса щІалэм макъамэ щІэныгъи зэрригъэгъуэтауэ, иджы си гъусэу мэлажьэ.

ЩІидзапІэр гуГуут, ауэ дыпэлъэщащ. Ятп дыдэу пшынауэ 33-рэ зы макъамэ еуэу утыку къыщІэтщам псоми ягъэщІагъуэрт - нэхъапэкІэ апхуэдэ къэхъуатэкъым. Ефэнды Джылахьстэн зыщхабзэмкІэ ди министыр абы щыгъуэ. Апхуэдизэ пшынауэ зэтехуэу къафэхэм екІуу. Іуэфу зэрыдгъэсар телъыджэ щыхъуат, щытхъуи къытхужиІат. Мис абы щыгъуэ «Макъамэ» гупым пшынэ еуэнымкІэ цІыхубэ ансамбль къытфІащащ.

ПшынэщІэм щыгъу зГъэсагъэнщ къызэрыщІэздзэрэ. Ауэ жысІэнкъэ, псори абы ирилажьэу. Зи макъамэм Іуэху щыІэмэ, хьэтыркІэ укІуэу арат пшынэ уеуэну. Пшынэ еуэныр ирагъэсыжкІэ, ди сом къэлэжьынмэ фІыуэ къыщІосэбзэн, хьэгъуэлЫгъуэхэм яхуэзэрымыгъэгуэш зыхьуаІэм хуэдэу ирагъэблагъэ ахэр. Дохутыршхуэ, хабзэхъумэ ІэнатІэм и лэжьакІуэ, налог инспектор пІэрыжь хъуахэр яхэтщ си деж пшынэ еуэным зыщыхуэзыгъэсэхэм. ІэнатІи пэрытщ, пшынэри я Іэпэгъущ. Сыт хуэдэ Іэщ-ІащІэ зэбгъэгъуэтами, сыт хуэдэ ІэнатІэ упэрытми, пшынэр щэи зэрыкъ хъунукъым, жыхуэсІэщ, абы псэр егъэнщІ.

И нитІым имыльагъуу хъыджэбз тхъылъхуд и анэм кІишащ зэгуэр - Къэтхъан Анжелиз, Псыхъурей щыщІу. Згъэтыри, пшынэ ІэщІэслъхьащ. Зы макъамэ езгъэпльагъри къригъэкІащ, пшынэ Іэпэхэр и ІэпэхуамбэхэмкІэ къезгъэбжащ. «Сэ пшынэ пльыжьт сызыхуейр, мыпхуэдэтэкъыжьмэ», - жиІащ абы хэту. Владикавказат пшынэ къыщыІэщэхури, сыкъыщІэкІри асыхьэту сыпсэльащ фабрикэм и унафащІ Ужегов Тамерлан деж. «Иджыпсту конвеерым кхьэхтхьжауэ пшынэ пльыжьбзэ щыІэр». Ар егъэгъэтІыльри, етІуанэ махуэм къэсщтэжащ. Хьыджэбз цІыкІур етІуанэу къыщыкІуам «мис мыпхуэдэ пшынэщ сызыхуейр» жиІэри арэзы хъуат. И пшынэ пльыжь дахэри иЫгъыу ди блыным фІэльщ иджыпстуи абы и сурэтыр. Иджыблагъэ Псыхъурей сыкІуаэу сыхуэзащ гуфІэжу, и пшынэри иЫгъыу.

ДЦП иІэу зы щІалэ цІыкІ Іэзэу пшынэ еуэу зыщІигъэсащ ди деж. УФ-м и Президентым зэфІэкІ зиІэ сабийхэм папщІэ щыІэува саугъэтыр, кратауэ щытащ абы. ЕкІуэ ещхьу хьэгъуэлІыгГъуэ иригъэкІуэкІыф хуэят. Куэд щІэныгъэ и щІалэр дунейм зэрехьжрэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, Ахърэт нэхъ Тхьэм кърит.

Си деж пшынэ еуэу зыщызыгъэсахэм ящыщу Мэшыкъуэ ФатІимиз кратащ Президентым и саугъэтыр. Ар иджыпсту налогхэмкІэ инспектору мэлажьэ. Си гъэсэнхэм я сурэтхэр, гупым къыхуагъэсфэщащ щыхь тхьылъхэр, гу къызэрытІысата дамыгъэхэр куэду фІэтльщ ди блыным. ЖбыІэнуращи, дэтхэнэ пшынауэми хъыбар щхьэхуэ иІэщ.

Адыгэ щыпсэу къэралхэм яхэткІым «Макъамэ» пшынауэ гупым и суратхэр, гупым къыхуагъэсфэщащ щыхь тхьылъхэр, гу къызэрытІысата дамыгъэхэр куэду фІэтльщ ди блыным. ЖбыІэнуращи, дэтхэнэ пшынауэми хъыбар щхьэхуэ иІэщ.

Адыгэ щыпсэу къэралхэм яхэткІым «Макъамэ» пшынауэ гупым и суратхэр, гупым къыхуагъэсфэщащ щыхь тхьылъхэр, гу къызэрытІысата дамыгъэхэр куэду фІэтльщ ди блыным. ЖбыІэнуращи, дэтхэнэ пшынауэми хъыбар щхьэхуэ иІэщ.

Ауэ ЖыІэнэхъ, псори абы ирилажьэ. Зи макъамэм Іуэху щыІэмэ, зэрыдгъэсар телъыджэ щыхъуат, щытхъуи къытхужиІат. Мис абы щыгъуэ «Макъамэ» гупым пшынэ еуэнымкІэ цІыхубэ ансамбль къытфІащащ.

ПшынэщІэм щыгъу згъэсагъэнщ къызэрыщІэздзэрэ. Ауэ жысІэнкъэ, псори абы ирилажьэу. Зи макъамэм Іуэху щыІэмэ, хьэтыркІэ укІуэу арат пшынэ уеуэну. Пшынэ еуэныр ирагъэкІыжкІэ, налог инспектор пІэрыжь хъуахэр яхэтщ си деж пшынэ еуэным зыщыхуэзыгъэсэхэм. ІэнатІи пэрытщ, пшынэри я Іэпэгъущ. Сыт хуэдэ Іэщ-ІащІэ зэбгъэгъуэтами, сыт хуэдэ ІэнатІэ упэрытми, пшынэр щэи зэрыкъ хъунукъым, жыхуэсІэщ, абы псэр егъэнщІ.

И нитІым имыльагъуу хъыджэбз тхъылъхуд и анэм кІишащ зэгуэр - Къэтхъан Анжелиз, Псыхъурей щыщІу. Згъэтыри, пшынэ Іэщ-ІащІэслъхьащ. Зы макъамэ езгъэпльагъри къригъэкІащ, пшынэ Іэпэхэр и ІэпэхуамбэхэмкІэ къезгъэбжащ. «Сэ пшынэ пльыжьт сызыхуейр, мыпхуэдэтэкъыжьмэ», - жиІащ абы хэту. Владикавказат пшынэ къыщІэщэхури, сыкъыщІэкІри асыхьэту сыпсэльащ фабрикэм и унафащІ Ужегов Тамерлан деж. «Иджыпсту конвеерым кхьэхтхьжауэ пшынэ пльыжьбзэ щыІэр». Ар егъэгъэтІыльри, етІуанэ махуэм къэсщтэжащ. Хьыджэбз цІыкІур етІуанэу къыщІэкІуам «мис мыпхуэдэ пшынэщ сызыхуейр» жиІэри арэзы хъуат. И пшынэ пльыжь дахэри иЫгъыу ди блыным фІэльщ иджыпстуи абы и сурэтыр. Иджыблагъэ Псыхъурей сыкІуаэу сыхуэзащ гуфІэжу, и пшынэри иЫгъыу.

ДЦП иІэу зы щІалэ цІыкІ Іэзэу пшынэ еуэу зыщІигъэсащ ди деж. УФ-м и Президентым зэфІэкІ зиІэ сабийхэм папщІэ щыІэува саугъэтыр.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Теплъэгъуэхэр

Псапэмрэ гуапэмрэ

А тІур зэІыхьлыщ. Хэбгъэзыхьмэ, бзэ щІэныгъэлІ бэлыхьу ущытын хуейкъым я къуэпсыр зыуэ зэрыщытыр къэпхутэн папщІэ: зыр псэм, адрейр гум я дежкІэ щхьэпэщ. Уегупсыс зэрыхъунымкІэ, си ныбжьэгъуфІ къуажэ ефэндым зэрыжиІэщи, ипэр дызэкІуэлІэжьыну «дуней пэжым» шэчыншэу щыдиІэн хуейщ, етІуанэр дызыхэт гъащІэм щыдиІэпэгъущ. Сэ сызэреплъымкІэ я кум зэхуакъушхуэ дэлъкъым: фІы псори икІэмикІэжьым псапэм хуокІуэж, ар сыт хуэдэ щІыкІэкІэ блэжьми.

ЗЭГУЭР щІакхъуэ къэсщэхуну ди гунэгъу тыкуэным сыщІыхьат. Къызитащ, ауэ ахъшэ сІихьи идакъым. Сыт щхьэкІэ? КъызэрыщІэкІамкІэ, зы щІалэ гуэрым сом мини 5 кІыхьигъэнащ «лІыжь-фызыжьхъэм, сайтхэм, нэхъ хуэмыщІауэ уэ къэплъытэхэм щІакхъуэ, Іэфыкіэ, псы хуэдэ ет къыщІэкІыхуІэ» къыжриІэри. Сэ «лІыжь-фызыжьхъэм» сахиубыдэрт.

- Хэт а ахъырзэманыр?- сыщІэупщІащ сэ.

- Ар хуейкъым зигъэІуну, - жуэап къызитыжащ. - Жыжьэ ежьэ машинэ исщи, къэсижа иужь кьиублауэ кьилэжьам кІыхьехри, ахъшэ кІеґанэ.

Си гуапэ хъуащ, зэуи сигу кІэкІыжащ блэкІа лІэщІыгъуэм и лІэуным кІыхьжаІэжауэ щытат. Абы щыгъуэм диныр хуит хъужати, ди кІуажэжэм мэжджхитхэр щаухъэрт. Бахъсэн е Бахъсэнёнкъ, сытми, зы щІыпІэ апхуэдэ ухуэныгъэм и деж къыщІыуІащ автомашинэ хьэпъэ блэжьыр. Зи блынхэр дращІейр тхьэелъэІупІэу зэрыщытыр къызэрищІэу, сом «500 (а зэманым ар ахъшэшхуэт!) къариатащ: «Си цІэкІэ хэфпІхьэ», - къажриІэри. И цІэу-унэцІэр яригъэтхьин идакъым! «Ар зытхьинум сыкъелъагъу, сыт лейуэ зыщІэзгъэІунур»,- къажриІэри ежьэжащ.

ИтІанэщ сыщегупысар апхуэдэ е абы ебгъэщхь хъун щапхъэ куэд махуэ къэс дызэрырихьэлІэм. Десэжащи къытфІэмыІуэхужу аращ.

Сэ лэжьапІэ сокІуэ Налшык и 19-нэ маршруткэмкІэ. Зэгуэр гу лъызотэ ар зезыгъакІуэ щІалэм къэувыІэпхэм къыщитІысхьэ сабийхэм ахъшэ яІимыкІуэ. Ипэщ1ыкІэ и цІыхухэу си гугъащ, арщхьэкІэ, езы ныбжьыщІэхэми ар зэрагъэщІагъуэр щысльагъуэм, зэрыапхуэмыдэр къэсщІащ. Зэман дуэрагъэрыжьым сыщрихьэлІэм, къызгурыІуащ псапэ зэрищІэр.

Зы цІыхубз къытІысхьащ. Ауэрэ дыкьызджІуэм, шэч ищІри, щІэупщІащ: «Мыр ебгъэнэрахъэ?»- «Епшыкубгъэанэш»- гупсысыжащ жэуап. «Абы щыгъуэм сыщыуащ, къэуІэпІэм и деж сигъэкІ»,- зыхуиґъэзащ шофёрым. «Уи ахъшэр къэщтэж» - къыхуеший жьгъэкр модрейм. ЦІыхубзым идэркъым: «Ягъэ кІынкъым. Къуаншэр сэращ». «Уэ укъуаншэкъым, ущыуауэ аркъуедкІ. Сэ си гъэзгу сытекІакъым, сызэбгъэжьакъым. «Уи ґъэзгупщІэр зыІъысынэ хуейр уэдэкІуэм унэзыгъэсынурц», - кІыгурегъаІуэ цІыхухъум. ФІыщІэшхуэ къыхуищІри, цІыхубз гъуэщар икІыжащ.

Мыхьэнэншэ хуэдэщ, ауэ сыту гуапэ апхуэдэ псапэмэкъ зэхэпхыну. Уи гукъыджьым зеІэт.

Псапэмрэ гуапэмрэ ятеухуа псапэмакъыр къыщІезгъажьэкІэ нэгъуэщІ зыи къэзгъанэ хуэнукъым. Зыкъом тражьыхьащ жьэрымэ гъуэным. Ар мыспапэзу къыщІэкІыжащи (динырылажьэхэм нэхъ ящІэнщ), зыми дауэгъу сыхуэхъункъым, ауэ сызрихьэлІар фхуэсІутэжынщ. Налшык и «Искож» хьэблэм жьэрымэ кІыщыхурахьэкІат дуней ёхьжам. Уэздыкьнэр къэзуатри, бжэр Іуахмэз, ґъунэгъу уриж хъуэджэбз цІыкІур щытщ: «Къысхуэвгъэгъу, сэ сощІэ си деж лэкъум нызэрыфхьар, ауэ си сыщІэсакъым, папи мами щыІэкъым». И Іыхьэр ихьыжьну къэкІуат! Дауи, иратащ, Іэфыкіэхэри щыґъуэу. Мис аращ. Хэбгъэзыхьмэ, жьэрымэр нэхъ дызэкъуэзыгъэувэ хъуащ. Ґуапагъэщ.

Апхуэдэ дыдэщ ґъэмахуэхэм деж къурІэнаджэхэр щащІкІэ къалэ пщІантІэхэм дагъэувэ квасыльэхэри. Балигъхэм я ґугъу тщІынкъым, сыт хуэдиз сабийм я псыхуэІэ ирагъкІрэ? Ар псапэкъэ? Мыпсапэми, гуапэщ.

Сэ фхуэсІуэтахэм хуэдэ щапхъэхэр щэрэ минрэщ. Зи ґугъу фхуэсщІахэри лЫыхъжь ґъуэрхэу щыткъым, атІэ, уриж тхаКІуэзнуэ Чехов Антон и Іэдакъэщ1экІэхэм хэтхэм ещхьыркъабзэу, цІыху къыІэзрыґугъкІ дыдэхэщ, батэр зыґъэшхэкъым. Ауэ сыт хуэдиз хуабагъэ япкърыт. Фынышхуи фІы цІыкІуи щыІэкъым, щыІэр фІы къудейщ.

Алрыкьым и нэфІ зыщыхуэ Мухьэмэд бегъымбарым жиІэгъащ: «ФІы зыщІэми фыдэІэпыкъу, Іей зыщІэми фыдэІэпыкъу». ЯґъэщІэґъащ: «Бегъымбар лъапІэ! ФІы зыщІэм фыдэІэпыкъэ зэрыхуейр ґурыІуэгъэщ, ауэ Іей зыщІэм сыткІэ дызэрыдэІэпыкъунур? «Мис а Іейр зыхинын папщІэ», - к1аритыжащ жэуап.

ФІымрэ Іеймрэ щызыпэщІэт мы дунейм ґуапагъэ зыхьэпъ сыт хуэдэ Іуэхури псапэ пэлъытэщ.

● Жэрдэм

ҒущІэгъур и лъабжьэу

**Шэшэным и Іэтащхьэ Кадыров Рамзан жэрдэмкІэ ерыщщ. Иджы дыдэ абы къыхилъхьащ аргуэру зы: республикэм щыпсэуэхэм тыкуэнхэм я щІыхуэу къатехуар мылъку зыбґъэдэлъхэм хуапшыныжьыну. Къывґуры1уэн папщІэ: СССР-р лъэлъэжу цІыхухэр къулейсыз щыхъуа зэманым щэхуакІуэхэм хьэпшыпхэр (нэхъыбэ дыдэу ерыскъыхэкІхэр) къэунэхуа уней тыкуэн цІыкІухэм «къэкІуэну ахъшэкІэ» щІыхуэу къыІахуу хуеежьащи, а хабзэр иджыри йокІуэкІ. Нэхъыбэжщ а щІыхуэхэр зыхуэмытыжхэр. Аращи, Кадыровым жеІэ хуэкъулейхэр мы Іуэхум хэІэбгэн хуейуэ. Езыр хьэзырщ къґъэщІыпІа хьэблэхэм щыпсэуэхэм защІитъэкъуэну. ЯрІэфІ-яфІэмыфІми, абы и жэрдэмыр даІыґъыну къыщІэкІынщ: унафэщІым пэрыуэ хабзэкъым...

АБы дэ дигу кІыґъэкІыжащ банк Іуэхутхьэбзэхэр щІыхуэхэм егъэлеяуэ къатехьэлІэ зэрыхьуар. ИтІани, щІыхуэу кІащтэм кІэрыхуркъым. Уриссейм щапшныжьын хуейщ сом триллионхэр. ЩІыхуэм щІигъэнахэм ящыщщ щІыхуэхэм щынэхъ мащІэ Кавказ Ищхъэрэр. Хэкіыпіэхэр къаІыхьуэ. Ахэр щыІэщ. Псалъэм и хьэтыркІэ муслІымэн зэхэпхьыкІэр.

Нэгъабэ Уриссейм и щІыналъ 4-м - ЩІэшэным, Дагъыстэным, Тэтэрым, Башкириеи - щагъэунэхун щІадзащ дунейм «ислъам банкингыу» къыщащІыху а ахъшэ зэІэпыхькІэр. Кьеззэгьыу къаІыптэмэ, арк1ыщагъэсэбэпынущ мусЛІымэнхэр куэду щыпсэу нэгъуэщІ щІыналъхэмэ. Ауэ сыт ар езыр зищІысыр? ЗытещІыхьари сыт?

НаІуэу зэрыщытщи, банкым къеІыпхэ хъьшэр ептыжьын хуейщ къыпхуигъэувэ пІалъэм утемыкІыу - абы къиІытэркъым а ахъшэр сэбэп къыпхуэхъуу къэбґъэсэбэпами, къыумыґъэсэбэпами, улажьэми, умылажьэми. ЩІыхуэр птыжьну уи къару дэмыхуэми, кьоплъынукъым: къуэды, пеня зэмыІІэужьы-ґъуэхэмкІэ ущІигъэнэнущ. Испъамым ар ґуэныхьышхуэу кьеґпытэ. ЩІыхуэр и чэзум пхуэмыпшынеыжмэ, уи мылькур пщґуэ птыж хъунущ икІи къудыи нэґъуэщІи кьыптралъхьэнукъым.

Урысейм СтатистикэмкІэ и къэрал комитетым къыІэзрытамкІэ, Кавказ Ищхъэрэ окруґым псори зэхэту цІыху мелуани 10,2-рэ щопсэу. Абыхэм ящыщу мелуани 6,2-м хуэдизыр мусЛІымэнщ. Мухьэмэд бегъымбарым и Іумэтхэм процентыр ядэркъым, а щхьэусґыґуэм кьыхэкІыу банк Іуэхутхьэбзэхэр ялъэІэсыркъым. Уеблэмэ хьэрычэтыщІ лэжьыґъэм пэрытхэри арац - ахэр уеблэкъым я диным къемызэґыну ахъшэ зыІэрагъэхьэну.

АтІэ, ахъшэ зытхэмрэ къеІызыххэмрэ сыт хуэдэ щІыкІэм тету зэрызэдзлэжьэнур? Ахэр нэхъыбэу зытещІыхьауэ щытынур ІІэужьыґуитІыпІ. Япэр: зэращІыпІа зэґуры-Іуэнґъэр и лъабжьэу инвесторым ахъшэр иретІуэхуэр зезыґъэкІуэнум, я диным хуит ищІ Іэнатіэкэм хилъхьэн папщІэ (фадэхэкІхэр, тутын зыґъэхьэзырхэри зыщэхэри зрагъэкІуалІэркъым). ЕтІуанэр: зэращІыпІа сату зэґуры-Іуэнґъэм кІыщагъэлъагъуэ хьэпшыпыр щІыным тригъэкІуэдар, ахъшэу трилъхьэри зыхуэдизыр. Апхуэдэ щэкІэр шэрихьэтым къоэзґъ.

Дауи, мыпхуэдэ ахъшэ зэІэпыхькІэм псом япэу си сэбэп хэлъынур процент темыльу щІыхуэ къэзыщтэнухэрщ. Хъарзынэкъэ атІэ щхьэщумытыкІыу, нэґъуэщІ гуэри темыльу пІалъэкІэ зэпыудауэ ар птыжьынур? АрщхьэкІэ ахъшэшхуэ зезыґъэкІуэхэри хилъафэркъым: банкым, псалъэм и хьэтыркІэ, фэтэр къищІэхуу нэхъ пІалъэу ищэж хъунущ, ари едэ ислъамым.

Мыпхуэдэ зэхущытыкІэ-хэр зыкъом щІауэ къокІуэкІ. ИкІи къэдґъэлъэґъуэ щІыналъэхэм я закъуэкъым апхуэдэу щыщІыщІэдзлажьэр. Ингушыи Къэрэшей-Шэрджэсми, мис а Дагъыстэнми, мусЛІымэн ахъшэ зэІэпыхькІэхэм тету Іэхьутхьэбзэхэр ящІэу щыхуежьащ. Сыт ди ґъунэґъуэхэмкІэ дыщІепІпъэкІынури? КъэбґъэрдейБалъкъэрми щыІэщ и уасэм процент щхьэщІптпкІын хуэмейуэ хьэпшып къыпхуаутІыпщыным и хабзэр. Ауэ апхуэдэ Іэхутхьэбзэ къыпхуаущІэныр зэлъытар а хьэпшыпым иІэ щІэупщІэрщ. Нэхъ игъэкІыґъуейкэр къуатынущ, я уасэхэр пІалъэкІэ зэпыудауэ птыжьыну. Къэтщтэнщи, зэрыжьыщІэ машинэр. АрщхьэкІэ зи уасэкэр щІэхщІэхьурэ дэкІуейхьэпшыпхэм я деж апхуэдэ щІэзыкІуэркъым. Апхуэдэм Іууахэр арэзы кьыддэхъунщ.

Мыпхуэдэу ущІэмыупщІэнкІи Іэмал иІэкъым: сыт атІэ «ислъам банкинґ»-р иджы ягу кьыщІэкІыжащ? Ди дежкІэ ар щІэ щхьэкІэ, абы куэд щІауэ тетщ мусЛІымэн къэралхэр. ЖьпІэну ирикъунщ абыхэм щызэращІыпІа сату зэґуры-Іуэнґъэм кьыщагъэлъагъуэ хьэпшыпыр щІыным тригъэкІуэдар, ахъшэу трилъхьэри зыхуэдизыр. Апхуэдэ щэкІэр шэрихьэтым къоэзґъ.

Псори зи Іэужьыр США-р зи унафэщІ «КъухьэпІэ зэкъуэтым» зихуэдэ щымыІэу кьыдищІыпІ санкцэ ґущІэґъунщхэм яужькІэ урысей экономикэм къэґъэзэж имыІэу КьуэкІыпІэмкІэ зэрызґъагъэзэрщ. Зи ґугъу тщІы ахъшэ зэІэпыхьыкІэр Урысейм кьыхуэщъхьэпэнущ КъуэкІыпІэ Гьнэґъуэм, Перс псы дэжьыпІэм, Азие Курытымрэ Ипщэ-КъуэкІыпІэмрэ я къэралхэм ядґриґъэкІуэкІ финанс Іуэхуэхэм зригъэубґъун папщІэ. Аращ ди къэралым и щІыналъиплІым щґрагъэкІуэкІ ґъэнэхуныґъэм апхуэдиз мыхьэнэ щІиІэр.

ИпэкІэ зэрыжьыІащи, къайхъулІэмэ, зрагъэубґъунущ. Пэжу, зэкІэ абы теухуауэ зэхэтхьр мащІэщ.

● Гъэщ1эґъуэнщ

НэґъуэщІ дунейхэр

«Дунейм ґъащІэ щыІэхукІэ цІыхум къыщІэнэр зырикІщ абы зэи къыхуэмыщІэнум елъытауэ», - жиІэґащ еджагъэшхуэ гуэрым. ҐъэщІэґъуэнраци, щІэныґъэм нэхъ зиужьыхьу ар зэрыпэжыр нэхъ кууэ къыбґуроІуэ.

ИУЖЬ илъэсхэм хуабжьу зиубґъащ дыґъэ системэм и щІыбкІэ щыІэ вагъуэхэм ергъэщІыпІа планетэхэр (экзопланетэ жьыхуаІэхэр) къэхутэным теухуа лэжьыґъэм. Нэхъапэм ахэр щыІэххэу я ґугъакъым, ахэр ґъуэз защІэу (мис а ди Юпитерым е Нептуным хуэдэхэу) зэхэт къэхъуґъэу къаІыптэрт. Иджы ягъэбелджылащ апхуэдэхэм зи щхьэфэр быдэкъри, уеблэмэ псыкІи, къуэакІи къулейкэри зэрахэтыр.

Мыбдежым къыщагъэсэбэп хьэршым ит телескоп ґъэщхэр. Япэ экзопланетэр 1991 ґъэм къагъуэтауэ щытащ. Мы зэманым ирихьэлІэу апхуэдэхэр мин зыбжанэм нызэрыхьэсащ. Дауи, нэхъ зыхуэщІэкъур ди ЩІым ещхь дунейхэр къэхутэнырщ. Абы и мыхьэнэр зыхуэдизым утемыпсэлъхьыкьми гуры-Іуэґъэщ. Ежьагъэшхуэ цІэрыІуэ Циолковскэм зэрыжьиащи, цІыхум и лъэр нэґъуэщІ планетэхэм нэсынущ, ахэр псэупІэ ящІынущ. Иджыпстуи дызытет дунейр яфІэзэвІуэ хъуащ. Ди ґъунэґъу Марсым пьэтэну загъэхьэзыр, ар зыхуей хуэґъэзэнным зэманыщхуэ теКІуэдэну пэтми. Ауэ ущыпсэуну кьеззґъ нэґъуэщІ планетэхэр зэрыщыІэнури хьэкъыу япхыкІащ. Пэжу, зэкІэ апхуэдэхэу хьахутар мащІэ дыдэщ. Яныныкъуэхэри жьжьащщи, псалъэм и хьэтыркІэ, нэхум и псынщІагъкІэ (зы секундым километр мин 300!) укІуэми ынэсыфынукъым илъэс мини 2-рэ 300-кІэ. ЕтІуанэраущ, килограмм 70 къэзышэч цІыхум абы килограмм 270-рэ щихьэлъагъынущи, кьыщыхуэкІыхьынукъым. Ещанэрауэ, радиацэ ґуащІэм ущиукІынущ.

XXI лІэщІыґъуэм и пэщІэдзэм еджагъэшхуэхэм ґугъаплІэшхуэхэр ирахьэлІат Скорпион вагъуэбэм хьихь Глизе вагъуэм. Абы и ещанэ планетэр ди ЩІым сыткІи ещхьт: хьэуаи псыи щыІэт, дыґъэми пэґъунэґъут - зэрыпэжыжьэр нэхум и псынщІагъкІэ илъэс 23-кІэт. АрщхьэкІэ ар ди планетэм нэхърэ хуэди 3,5-м щІигъкІэ нэхъ хьэлъэу кьыщІэкІащ.

Куэд тражьыхьащ Проксимэ Центавр вагъуэм и етІуанэ планетэм. Ар ЩІым нэхърэ зэрынэхъ ин щыІэкъым икІи нэхъ пэґъунэґъущ кьэдґъэсэбэп бжэкІэмкІэ дэлъыр илъэси 4 ґъэґугущ, ику ИТУ и температурэри зэрыхъур ґрадус 30-щ.

2018 ґъэ ІьландэрэхэрщыМ щолажьэ Те SS телескопыр. Абы экзопланетэ мини 5-м нэс кьихутакІэщ. ЯзыныкъуэхэрэкІапщІащ, адрейхэр ядж. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, а ІэмэпсымэмЩІым ещхь дунейуэ 500 хуэдиз кьызэІуихьыфынущ. Ежьагъэшхуэхэм кьахутэ абыхэм ящщ ґуэрхэм ущпсэуфыну. Планетэ 500-м ныщІызэрыхьэскІэ узыхэдзн бґъэутынущ.

Куэд щІоупщІэ: къэпхутэкІэ сыт и щхьэкІэ щІоупщІэфынумэ? Ауэ ари зэлъытар зэманырщ. ХэдзльэтэнщІымэ, цІыхухэм къагупсысыфынущ абы зэрынэсыну Іэмал. Ари жьжьажьжьэм.

Планэпэр зыґъэхьэзырар
ШАЛ Мухьэмэдщ

Азау хуейм уэзрихьэну хабзэщІэ

«Іуащхьэмахуэ» курортым ухуэзышэ ґъуэґуэзр зыхуей хуэґъэзэнымрэ абы къеІуэлІа туристэхэм я автомобилхэм егъэзыпІэ къахуэґъуэтыныкъым мыхьэнэшхуэ яІэщ зыґъэпсэхуакІуэ къаІуэхэм я бжыґъэр нэхъыбэ хъунымкІэ. Абы тращІыхьри, иджыблагъэ Іуащхьэмахуэ лъапэ къыщыщэІуахащ машинэ 800 хуэдиз зэуэ зэрыхуэну ґъэзыпІэ.

ИДЖЫ, мы ґъэм мэлыжьыхьым и 12-м щґъэжьауэ Азау ґубґъуэм илъадэ транспортым и бжыґъэр яґъэмэщІэнущ. Апхуэдэ Іэмал зиІэнур хьэщІэщхэм щІэтІысхьэхэмрэ къыщІэкІыжхэмрэщ, абыхэм я хьэпшыпхэр зыґъэІэпхъуэхэрщ. Ари, а щІыпІэм зэрихьам щхьэкІэ япэ дакъикъэ 30-м щхьэкІэ пщІэ щІатынукъым, ауэ, адэкІэ сІихьэтым зэрыщІраґъэґъуу сом 500 къыІахынущ. ЕтІуанэ сыхьэтым къыщыщІэдзауэ зы жэщмахуэм къриубыдэу ар сом мини 3 хъунущ.

Апхуэдэу щІащІам щхьэусґыґуэ зыбжанэ иІэщ. Псом япэу, Азау хуейм мардэншэу ильадэ машинэхэр, абдеж щызэтрихьэхэр ґъэмэщІэнырщ, хэт дэнэ дэж нэхъ кьиґтэми, абдеж и машинэр щиґъэуву зэрыщІта хабзэм къытекІынырщ, туристэм лЫэсу нэхъ тыншу къыщІакІухьын хуэдэу. Мыдрейуэ, «Іуащхьэмахуэ» курортым и автотранспортымрэ абы Іуэхутхьэбзэ кьхьуэзыщІэу лэжьыґъэ Іуэхукіэ кьакІуэ машинэхэмрэ Азау хуейм ихьэну хуит зыщІ дэфтэрхэр яІэн хуейщ.

Иджы ящІа машинэ ґъэувІэщІэм укъикІыу бґы лъабгэм уиэсын, абы лъжжкІэ укъыщІехьн щхьэкІэ узыхуеину Іэмэпсымэхэмрэ щыґъынхэмрэ машинэ щхьэхуэхэмкІэ лъапэм нэс пщІэнэну нагъэсынущ.

ҐъэувІэпІэм къыщагъанэ автотранспортым щхьэкІэ япэ дакъикъипщІым хуэзэу зыри кьыІахынукъым, адэкІэ сыхьэтитІ пІалъэм хуэзэу соми 100, сыхьэтитІ - сихьэтиплІым кьриубыдэу - сом 200, сыхьэтиплІым къыщыщІэдзауэ жэщ-махуэкІэ ирагъэтынумэ - сом 300 ятын хуей хъунущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дызэрыпагэ гъуащхьэтет

Ди республикэми, къэралми, нэґъуэщІ хэкуэми щыцІэрыІуэ футболист Хьэпэ Заур и ныбжьыр мы ґъэм илъэс 60 ирокъу.

● ГукъэкІыжхэр

АР 1964 ґъэм Налшык къыщалъхуащ. Футболым щыхьхьари ди къалащхьэм дэт сабий спорт школыращ. ФІыуэ зыщІыхуэкІэм езыми зэрыжаІэжымкІэ, ґъуащхьэтет хъуну игу къиґъэкІыххэртэкъым. Я командэм я ґъуэр зыхъумэр махуэ гуэрым щыІэтэкъыми, Заур нэхъ лъагэт адрейхэм нэхъри, абы дзуэн хуей хъущ. А къалэным хъарзынэу зэрыпІэльащ къыхэкІкІэ, тренерхэр абы щыґугфыкІри, ґъуэм зэпымыІуу дэтыну дэхьх къыхуащІащ. Хьэпэм зэрыжиІэжьмкІэ, и насып къикІри, ґъуащхьэтет цІэрыІуэгъэ, совет къэралыґъэм зи цІэр щыІуэхэу Беляев Владимиррэ Алдышев Анатолэрэ и ґъасакІуэ хъуащ. Алыхьым къыбґъэдилъхьа зэфІэкІым иужькІэ ахэрщ зи фІыщІэу Заур къыпльытэр утыкуэхэм зэрихьамрэ и ехьулІэныґъэхэмрэ.

Дзэ къулыкъу къалэныр иґъэзэщІэну, ар 1982 ґъэм Дон Іус Ростов къалэм ящащ. Зыхэхуар спортсменхэм я ротэрти, и зэфІэкІым щыґъуэзэхэм СКА футбол командэм хагъэхьащ. Налшык къиґъэзэжа иужь, СССР-м футболькІэ и етІуанэ лигэм абы щыґъуэ щыджэґу ди «Спартак»-м я къащтащ. А зэманым хиубыда дэщІакІуэхэм фІы дыдэу ящІэж Хьэпэм къиґзэльэґуэ зэфІэкІ лъагэр. Сэри си нэґу щІэкІащи, адрейхэми хуэдэу, куэдрэ сигу къызэоґъкІыж. Ярысей чемпионатым и зы лъэхъэнэм топ 16 фІэкІа хьэрхуэрэґъуэхэм Хьэпэм и ґъуэм къыщыхуэмаґъэзэкІыфам къэхъащ. ЩІэныґъэм ущыхъунщ щІалэщІэм дежкІэ зи ґугъу тІ16кІа хьэрхуэрэґъуэхэм ґъуэм и ґъуэм къыщыхуэмаґъэзэкІыфам къэхъащ. КъащІэжьґъуейщ абы итэкІэ апхуэдэ къэхъуауэ. Дауи, аращ Заур 1987 ґъэм Мэзкуу и «Спартак» цІэрыІуэм и ґъасакІуэ, футболист цІэрыІуэу щыта Бесков Константин щґиґъэблэґъаг. А зэманым ґугъут абы я ґъащхьэтет пашэ, СССР-м и командэ къыхэкаи хэта, ди къэралым и автобусми ґъунэґъу сыбґъэдагъэхьэнутэкъым, апхуэдизкІэ ткІийуэ яхьумэрти.

Хьэпэ Заур 1990 ґъэм, «Иберия»-м хэту, Грузием и чемпион хъуну хунэсащ, ауэ нэхъ ґухэхъуэу дигу къэдґъэкІыжкрейр Владикавказ и «Алания» командэм, илъэсибґъуКІэ ехьулІэныґъэ пльагэхэр къащІэґъэльэґуэм, хэту Урысейм пашэныґъэр къащІущІахьа 1995 илъэсырщ. Абы къищІынэмыщІауэ, 2000 - 2001 лъэхъэнэм, Мэзкуу и «Локомотив»-м щыджэґу, ди къэралым и Кубокыр къэзыхьахэм яхэтащ. ИтІанэ, дызэрыґушхуэхэм ящыщщ ди адыґэ щІалэ бжьыфІэр 1993, 1994, 1995 ґъэхэм Урысейм и футболист нэхъ Іэзэ 33-м зэрыхьабжар. 1994 ґъэм ар Урысейм и ґъащхьэтет нэхъыфІу кІиІытащ «Спорт-Экспресс» ґазетым.

ИтІанэ, журналист куэдми ґулъытэ хэха хуащІащ, дуней псом цІэрыІуэ щыхьэу футболист мымащІи яфІэтельльджэу тепсэлъыхьащ Хьэпэ Заур и зэфІэкІым. Псом хуэмыдэу, Европэм и Кубокым щІэбну, Германием и Дортмунд кьалэм и «Боруссие» командэм «Алание»-р щыдзэжьґуам, ґъащІебжэ хагъэуавам хуэдэу, ди адыґэ щІалэм и ґъуэр зэрихъумам икІи джэґугъуитІми увыІэґъуэ имыІэу кьытеґупІа нэмыщІэкъм зы топ фІэкІа кьызэрыхудамыґъэкІыфам куэдэр и ґугъу ящІащ.

Сигу къзэґъэкІыжьынут Заур дэслъэґъуэ мыпхуэдэ Іэзэґъуэ. Налшык и «Спартак»-м щыджэґуа Биджиев Хьэсэнбий и ґыґъуэ ар щІэх-щІэхьыґъэ накІэльскІыэрт школым кьыщыщІеджа, университетым курсэґъу кьыщІысхуэхьуа и ныбжьэґъуэхм. ФІыуэ ильаґъу я ныбжьэґъуэ ґъащхьэтет нэхъыщІэхэу СССР-м и командэ кьыхэхамрэ Мэзкуу и «Спартак»-мрэ зэрыщамыґъэувымкІэ мыарэзыкъу хъущІэрт щІалэхэр. Черчесовми, Дасаевми, адрейхэми нэхърэ Заур нэхъ лъэщу щыжаІэм, абыхэм я псалъэр зэпиудри, яхуидауэ щытакъым. «Ахэр зэфІэкІ лъагэ зиІэ ґъащхьэтет-хэщ икІи щхьэкІэ дахэ зыхэлъщ, фатемыпсэлъыхь» - зэрыжиІауэ щытар иджьыстуи си тхьэкІымэм итщ. Футболым дихьэх куэд зэрыщыґъуаэзщи, ґъащхьэтетхэм магІэщ яхэтыр зи ґугъу зэхуэкъабзэ.

Хьэпэ Заур футболым щиІа ехьулІэныґъэ псомрэ къэзылъхуахэм, и унагъэм, и цІыхуґъэм убґъуауэ утетхьмэ, ди газетым и зы къыщІэкІыґъуэ игъэнщІынри хэлъщ. Армырми псалъэ ґуапэ куэд хужжаІэ, ди щІыналъэґъуэ куэд ирогушхэри, дэри къытлъыс, ди гумрэ ди псэмрэ къабґъэдэкІыу дохьуэхъу и щхьэґъусэ Терезэ, и къуэмрэ и пхъымрэ хуэузынщэу, ґуныкъуэґъуэ имыщІэу иджыри илъэс куэд къыхуэпищанэ. Ноби и лэжьыґъэ футболым епхащи, и ехьулІэныґъэхэмкІэ цІыхухэр игъэґуфІэну ди ґуапэщ.

ШАФИЙ Аслъэн.

Кавказ Ищхъэрэм и зыплъыхьыпIэхэм заубгъу

Хамэ къэралхэм куэду зыплъыхьакIуэ кIуэуэ щыта ди цIыхухэм иджы нэхъ къвхах хьуащ Урысей Федерацэм и зыгъэпсэхупIэхэр. Іуэхуу дунейпсо политикэ щытыкIэм елъытауэ щытми, Урысейм исхэм я гукъыдэжыр къэзыIэтыр «Кавказ. РФ» компаниерщ. Абы проект зэмылIэужьыгъуэхэр къегупсыс икIи гъащIэм хепщэ, ди къэралым зыгъэпсэхупIэхэм зыщагъэкIи, ди ныбжьэгъу къэралхэм ящыкIыу нэхъыбэ къакIуэу хъун папщIэ.

ПСАЛЪЭМ къыдэкIуэу жыпIэмэ, иджыблагъэ Белоруссием и туроператорхэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щынальэм щыщIэу икIи зэтраухуащ дяпэкIэ я цIыхухэм Кавказ Ищхъэрэм и щыпIэ дахэхэр хуагъэпсэгъуэну, ди хэгъэгум къагъакIуэу зыщагъэпльыхьыну.

Къапщтэмэ, КИФБЩ-м и дэтхэнэ щынальэмэ езым иIэжщ зэрыгушхуэ, зыплъыхьакIуэхэм ягу ирихь щыпIэ хэхахэр. «Кавказ. РФ»-м къызэригъэпэщри, туроператорэр щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым. «Іуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупIэр хуабжу ягу ирихьащ хьэщIэхэм, ахэр «Leaprus» хьэщIэщым нэс ратракэмкIэ драгъеящ.

«Лыжэ гъэзгуэр къызыхуэтыпIэщ, егъэлеяуэ дахэщ икIи лъэщIщ. Къэжьхьыгъуэ пIалъэр мыбы зэрыщыкIыхьым къыхэжIыну, къэкIуэну зи нэ къикIыр куэдщ, дяпэкIэ си ныбжьэгъуэхэми цIыхугъэхэми яхуэзгъэлъэгъуэнущ», - жиIащ Чуро Иван. Ар а махуэм кIапсэ гъэзгуэкIэ бгым дэкIуейри, лыжэкIэ къэхъжащ.

Адэкъэ Дагъыстэным щыIащ хьэщIэхэр, удэзыхьэх куэд щалъэгъуащ а щынальэми, иджыблагъэ Минскрэ Мэхъэчкалэрэ я зэхуакум кхъухьлъатэ зэрырагъэувэм щыгуфыкIащ. «Белавиа» авиакомпанием мэлыжьхьым и кIэм лэжьэн щIидзэнущ. ХьэщIэхэм зэрыхуагъэфэщащмкIэ, Дагъыстэным махуи 7 - 8-кIэ укъакIуэмэ, узэпльыни щыпщIэни бгъуэтынущ.

«Дагъыстэныр хуабжу сигу ирихьащ. Ди гъэзгуэгъэльагъуэу щыта Гольшан уи гъусэмэ, мы хэгъэгум къыджиIэжащ, зэи тщыгъупщэнукъым. Апхуэдэуи дагъыстэнхэм я шыфэлIыфэр зыхуэдэр зыхьидигъэщIащ. Экскурсоводу лажьэ бзыльхуэгъэм зэрыгупу и унагъуэ дригъэблагъэри, дигъэжьэщIащ. Щынальэми абы щыпсэухэми я угъурлагъыр абы къигъэлъэгъуащ», - жеIэ Витебск щылажьэ турфирмэм и лыкIуэ Мерновэ Инессэ.

Белоруссием къикIахэм ягу дыхьахэм ящьащщ Осетие Ищхъэрэ - Аланиери. Владикавказ и теплъэ дахэр, экскурсоводхэм я щыхуфIагъыр, шхыну хузэблахар куэдрэ ягу къызэринэжынур жаIащ туризм Іэнатіэм пэрытхэм.

ХьэщIэхэм зыщрагъэпльыхьащ мэжджьитхэмкIэ бей Шэшэн Республикэми. «Ди программэм мэжджьитхэм, члисхэм, кьупльыырыфхэм - дин зэмылIэужьыгъуэхэр зезыхьэ лъэпкъхэм я тхъэлъэIупIэхэм - дашэн хуейуэ зэрыхэтар гъэщIэгъуэнт. Абы псэкIэ нэхъ къулей, акъылкIэ нэхъ жан уещI», - жиIащ Брест къикIа Пашедо Олег.

Ингушым щихьам ІэщIагъэлпхэр ирагъэблагъащ ИР-м и къалащхьэ Магас икIи абы я лэжьэгъуэхэм щахуэзащ. Іэхур жыжьэ ямыхьу ингушхэмрэ Белоруссием къикIа туроператорхэмрэ зэгурыIуэныгъэхэр зэращыIащ.

Адэкъэ хьэщIэхэр щыIащ Ставрополь крайм, Къэрэшей-Шэрджэсым. Зы тхъэмахуэм къриубыдэу туризм Іэнатіэм пэрытхэм щынальэ къэс и турист программэр зрагъэщIыхуащ, щыпIэ дахэхэр зрагъэльэгъуащ, гъэзгуэгъэ зрагъэщIащ. Къалэкурортхэу КавМинВодхэмрэ Псыхуабэрэ я бгыльэ щынIэхэмрэ къалэ зыплъыхьыпIэхэмрэ зыщагъэгъэуащ.Ахэр щыIащ «Провал» щыщIагъ гуэлым, «Цветник» паркым, метр 998-рэ зи лъагагъ Мэшыкъуэ бгым дэкIащ. Я нэгу зыщиужьащ Кисловодск къалэм, ЕсэнтIыгу. Дэни ягу щрихьауэ къыхэгъэщащ щынальэхэм я Іэнэм и берычэтагъымрэ я шхынхэр зэрыIэфымрэ.

«Си лэжьэгъу зыбжанэми хуэдэу, илъэс зыкъом ипэ сэри сыщыIаущытащ Кавказ Ищхъэрэм и къалэхэм. Иджы хуабжу си гуапэ хъуащ абыхэм зэрызахъуэжар, зэрызахъуэжар, кхъащхэри зыгъэпсэхупIэхэри зэрефIэкIуам гу лъымытэнкIэ Іэмал иIэкъым. Ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэкIэ Белоруссием къикI мафIэгъуэр Краснодар крайм нэсщ къызэдкIуэр. Абы къыхэкIыу, зыплъыхьакIуэхэр Краснодар кьыфIэкIыу, Кавказ Ищхъэрэм и щыпIэ дахэ къомым къэсфырыкъым», - жиIащ Пашедо Олег.

Могилев щыIэ турагентствэм и унафэщI Карпенкэ Еленэ къыхилъхьащ, къалэ зэхуакуэм туристхэр къезышэкI автобусхэр трагъувэн зэрыхуейр. «Кавказыр зрагъэщIыхун папщIэ къэухьлъатэхэмрэ мафIэгъуэхэмрэ нэмыщI, автобусхэри тегъэувэн хуейщ. Белоруссием къикIэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щынальэр зрагъэщIыхунымкIэ ар ІэмалыфIт», - жиIащ Еленэ.

Туроператорхэм къыхалъхьащ щIалэгъуалэм щхьэкIэ тур щхьэхуэхэр къызэгъэпэщын хуейуэ, ахэр нэхъыбэрэ Кавказым къэкIуэн, щыпсэухэр зрагъэщIыхун, я щыпIэ тельыдджэхэр зрагъэльагъун хуэдэу. Апхуэдэуи, Кавказ Ищхъэрэм и махуэкIэ Белоруссием щегъэкIуэкIын зэрыхуейр, макъамэ фестивалхэр къызэрызэгъэпэщыпхъэр къыхагъэщащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.

Зэныбжьэгъугъэм и дамыгъэ

Ярославль щекIуэкIащ лъэпкъ гъуэзджэхэмкIэ «Ритмы Кавказа» IV лъэпкъыбэ фестивалыр.

ІУЭХУ дахэр къызэригъэпэщащ Ярославль щынальэм лъэпкъ зэпыщIэнигъэхэм зегъэужьынымкIэ щыIэ «Содружество народов Ярославии» жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ Ярославль къалэм и мэриемрэ.

Зэхыхьэм хэтащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщ артисти 150-м щигъу. Фестивалым кощIэрэ, уэрэд жыIэным, актёр Іэзагъэм щалэ зэфIэкIхэр, я лъэпкъ фащэхэм я дахагъэр, я хабзэм щыщ щагъэлъэгъуащ адыгэхэм, ермэлыхэм, азербайджанхэм, осетинхэм, шэшэнхэм, ингушхэм, нэгъуэщI лъэпкъхэми.

Ярославль мэрием жылагъуэм ядэлэжьэнымкIэ и къудамэм и унафэщI Коврайский Андрей зэрыжиIамкIэ, хабзэ дахэ хъуауэ, «Ритмы Кавказа» фестивалыр гъэкъэ къызэрагъэпэщ. Ар лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм, зэгурыIуэныгъэм я зэхьхьэшхуэщ. Ярославль къалэм лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэу куэд щопсэури, ахэр зэрыщIэным, зэрылъытэным мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Фестивалым ирагъэблагъащ дунейпсо, урысейпсо зэпеуэхэм я лауреат «Шагъдий» цIыхубз къэфакIуэ ансамблир. - Илъэситху ныбжьым щыщIэдзауэ гупым и къэфакIуэ ныбжьыщIи 162-рэ хэтащ абы.

- Зэхьхьэм республикэм и лIыкIуэу дыхэтыну дыззэрыгъэгъэщIэн папщIэ къэхъуащ. Ди къэралым и къэфакIуэ ныбжьыщIи 162-рэ хэтащ абы.

- Зэхьхьэм республикэм и лIыкIуэу дыхэтыну дыззэрыгъэблагъэр дэркIэ пщIэщхуэщ икIи гуапэщ, - жиIащ гупым и художественнэ унафэщI Унэжокъуэ Заремэ. - Апхуэдэ зэхьхьэхэм гупыр дыхэтыну тфIэфI дыдэщ.

Фестивалыр ди щIалэгъуалэми гукъинэж ящыхъуащ. Зэманыр мытыншми, лъэпкъхэм, цIыхухэм я зэхуакуэ пщIэ, зэныбжьэгъугъэ зэрыдэлъыр гуапэщ!

Ансамблым Ярославль сыхьэтитIрэ ныкъуэкIэ концертыр щитащ. Абыхэм ягъэлъэгъуащ куэд щIауэ ягъэзащIэ, фIыуэ ялъэгъуэ къафэхэри иджы дыдэ ягъэувахэри.

«Шагъдий» ансамблыр мы махуэхэм Москва щыIащ, гупыр къызэрызэрагъэпэщри илъэсипщI зэрырикъуар зэрагъэлапIэ концертхэм абы щыпащэу.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Хэку лъагъуныгъэм теухуащ уэрэдхэр

Музыкэ къэрал театрым щекIуэкIащ «Хрустальные звёздочки-2024» фестиваль-зэпеуэм и щIыналъэ Іыхьэр. Сабийхэм ар къыхэзгъэльэгъащ Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущIапIэм.

ЗэпеуэР къызэзыгъэпэщащ зэрыжиIамкIэ, дэтхэнэ зы сабийми Іэмал иIащ абы и зэфIэкIр къарурэ щеплъыжыну. Ар къыхэзыльхьахэм я къалэн нэхъыщхьэр ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIэр къагъэнэгуэныщ, апхуэдэ зэм зрагъэужьыныщ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ ди щIыналъэм Белгород областым щыщу кърагъэблагъа сабийхэр фестиваль-зэпеуэм ирагъэплъащ.

Концертыр ягъэдзэкащ «Шагъдий», «Эдельвейс» сабий къэфакIуэ ансамблхэм, «Хрустальные звёздочки-2023» фестиваль-зэпеуэм щытекIуа Къазий Дамиррэ Къуршэ Арианнэрэ.

ЦIыкIуэхэр зэпеуэщ къэфэнкIэ, уэрэд жыIэнкIэ, актёр ІэзагъкIэ. Фестивалым хэта щIыху 18-м я нэхъыщIэр илъэситху ныбжьым ит Теувэжькъуэ Сафиет. КъэпщытакIуэ гупым хэтхэм текIуэхэр къыхахьым теухуа я лэжьыгъэ тынштэкъым, куэдым удихьэхуу зэрызыкъагъэльэгъуам къыхэкIыу.

Ауэ нэхъ зэфIэкI зиIэхэр къыхахьн хуейтхъэ?! Актёр Іэзагъэр нэхъ дальэгъуауэ къалъытащ Баший Мадинэрэ Селиванов Кириллрэ. КъэфакIуэхэм я пашэ хъуащ Маговэ Энолэ, Хьарзыно Илъэм, Шэрхъ Рианнэ, Уэсмэн Алим. УэрэджьакIуэхэм къахэжаныкIащ Уэлджир Миланэрэ Теувэжькъуэ Сафиерэ. Фестиваль-зэпеуэм хэта щIыху 18-м я нэхъыщIэр илъэситху ныбжьым ит Теувэжькъуэ Сафиет. КъэпщытакIуэ гупым хэтхэм текIуэхэр къыхахьным теуха я лэжьыгъэ тынштэхъым, куэдым удихьэхуу зэрызыкъагъэльэгъуам къыхэкIыу.

БЖЬЫХЬЭ Роза..

Гъуэгу махуэ, гъэмахуэ чемпионат!

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и зи чэзу гъэмахуэ чемпионатыр гуп нэхъыщхьэм щызэхаублащ. ЗэкIэ, щIадза къудейщи, я зэфIэкIым утепсэльыхьыныр, пэублэ зэIущIэхэм къагъэльэгъуам тегъэчыныхьауэ укъытеуВыIэныр пасэщ. Бжьыхьэ лъэхъэнэрщ псори къэзыгъэльэгъуэнур.

ЧЕМПИОНАТЫМ пашэныгъэр къыщыхьыным гуп 14 щIэбэныныщ. ГъэщIэгъуэнраци, абыхэм ящыщу 11-р къуажэхэм я командэщ, къалэхэм ейр 3 мэхъу - Налшык и «Спартак-Д»-р, «Тэрчыр», «Шэджэмыр». Джылахьстэнейдэсхэр я ятIэ зэIущIэм бжыгъэшхуэкIэ щытекIуащ. Топ нэхъыбэ дыдэ щыдгъэжIар Псынэдахэ и «Родник»-мрэ Зеикъуэ и «Шагъдийм»-рэ я зэIущIэрщ - зеикъуэдэсхэр 8:0-у хагъэщIащ. ДыззэрыщIыгъуэзащи, мы командитIри республикэм и щIымахуэ чемпионат кIуам щыпашэхэм ящыщу щытащ. Пэжщ, иужькIэ «Шагъдийр» «Урожайнэм» 4:1-уэ текIуэжащи, зэкIэ ебланэ увыпIэм щытщ. Апхуэдэу, къыхэгъщIыпхъэщ Альтуд къуажэм и «Искра» командэм и текIуэныгъэр. Сыту жыпIэмэ, мыри нэхъ пльэрызехьэхэм ящыщщ, шэч хэлъкъым увыпIэ лъагэм зэрыщIэбэныну. «Шэрэджымэ» зэрытекIуа 6:0 бжыгъэри абы щыхьэт тохьуэ.

Сыт щыгъуи джэгукIэ дахэ къэзыгъэльагъуэу, зэфIэкI лъагэ зиIэу щытахэу Тырныауз, Бахъсэн, Прохладнэ, Налшык къалэхэм я командэ куэд зэхьэзэхэм зэрыхэмытыжыр ди гуапэ хъуркъым, дауи. Абы и щхьэусыгъэр зыгъэджэгуу щыта Іуэхущ Іапсэхэр зэрыщымыдЗэкIым къыхэкIыу, зыхуэныкъуэ мыптыкр машIэми, апхуэдизи ябгъэдэмылIу арагъэнущ. Шэч хэмылIу, ди республикэ футболым дежкIэ, ар хэщIыныгъэ цIыкIукъым. Абы къыхэкIыуи, мы спорт лIэужьыгъуэм дихьэхэми я бжыгъэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу.

Командэхэм хэти тIэу джэгуащ, зэ фIэкIа мыдджэгуаэкэри яхэтщ. Щыгъуаззэ фыхуэтщIынщ пэублэ зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: *ятIэ джэгуГуэ* - «**Искра**» - 1:1, «**Искра**» - «**Искьэмей**» (Искьэмей) - «**Лашынкъей**» (Лашынкъей) - 2:1, «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - «**Малкэ**» (Малкэ) - 3:7, «**Искра**» (Альтуд) - «**Шэрэдж**» (Шэрэдж) - 6:0, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - 8:0, «**Урожайное**» (Урожайнэ) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - 1:1, «**Акъбащ**» (Акъбащ Ищхъэрэ) - «**Шэрджэс**» (**Шэджэм**) - 1:1; *етIуанэ джэгуГуэ* - «**Шэрэдж**» - «**ЛогоВАЗ**» - 0:1, «**Акъбащ**» - «**Искьэмей**» - 0:2, «**Шагъдий**» - «**Урожайное**» - 4:1, «**Малкэ**» - «**Спартак-Д**» - 3:0, «**Шэрджэс**» - «**Тэрч**» - 1:5.

КъыкIэлъыкIуэну зэIущIэхэр зыгъэпсэхугъэу, гуфIэгъуэ махуэхэм зэхэтыпщ.

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ чемпионатым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Малкэ»	2	2	0	0	10-3	6
2. «Искьэмей»	2	2	0	0	4 -1	6
3. «Родник»	1	1	0	0	8-0	3
4. «Тэрч»	1	1	0	0	5-1	3
5. «ЛогоВАЗ»	2	1	0	1	4-7	3
6. «Искра»	1	1	0	0	6-0	3
7. «Шагъдий»	2	1	0	1	4-9	3
8. «Псыгуэнсу»	1	0	1	0	1-1	1
9. «Шэрджэс»	2	0	1	1	2-6	1
10. «Акъбащ»	2	0	1	1	1-3	1
11. «Урожайное»	2	0	1	1	2-5	1
12. «Лашынкъей»	1	0	0	1	1-2	0
13. «Спартак-Д»	1	0	0	1	0-3	0
14. «Шэрэдж»	2	0	0	2	0-7	0

● Дызэкъуэту

ШколакIуэхэм я письмохэр

Урысей гвардием и управлензу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэу дзэ Іуэху хэхам хэтхэм зыхащIащ республикэм щыпсэу ныбжьыщIэхэм я гуапагъэрэ ахэр зэрыдаГъымрэ.

НАЛШЫК къалэм и школ №8-м щеджэхэм къулыкъу зыщIэхэм письмохэр хуатхащ фIыщIэ псалъэхэр, псэууэ икIи узынщIу я унэхэм мыгувэу къагъэзэжьыну зэрыщыгугъыр, абыхэм зэрапэплъэр иту. Сабийхэм абыхэм хуагъэхьахэр сурэт гъэщIэгъуэнхэмкIэ ягъэдзахащ.

«Дэ фIыщIэшхуэ яхудоущI школым и унафэщIхэмрэ еджакIуэхэмрэ, дызэрагъэгушхуэм папщIэ. Фи псалъэ, Іуэху гуапэхэр ди дежкIэ тыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэщ», - жиIащ Урысей гвардием и управлензу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэ, полицэм и капитан П. Сулътан.

БАХЪСЭН Ланэ.

КъэкIуэнум хуач лъэбакъуэ

Мэлыжьыхьым 14-м Налшык къалэ щекIуэкIащ стIолыщхьэ теннисымкIэ «Къэкlуэнум хуач лъэбакъуэ - КИФБЩ» зэпеуэм хэтыныгъэр къыщыхах зэхьэзэхуэ. Илъэс 14-м ит щIалэ щыкIуэмрэ хъыджэбз щыкIуэмрэ я зэпеуэр ирагъэхьэлIащ хьэрычэтыщIэ, меценат Къардэн Валерэ къыщалъхуа махуэм.

КъБР-м Теннисымкlэ и федерацэм и президент Клим Андрей зэпеуэр къыщыдзэIуихьи жиIащ Къардэн Валерэ ди республикэм стIолыщхьэ теннисым зыщиужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам къыхэкIы, мы зэхьэзэхуэр абы и махуэшхуэм зэрырагъэхьэлIар.

Зэхьэзэхуэм цIыху 37-рэ хэтащ. Жэз медалыр къахьащ Хачуевэ С., Клюй В., дыжьыныр - Боэй Д., Оганесян Э. сымэ. Хромов А., Архипов А. дыщэр зыIэрагъэхьащ. Ахэр псори щIыхь тхьылъхэмэ медалхэмкIэ, Къардэным яхуигъэхьэзыра саугъэтхэмкIэ ягъэльэпIащ. ЦIыкIуэм тыгъэхэр иратыжащ КъБР-м Теннисымкlэ и федерацэм и президент Клим Андрейрэ Олимп джэгухэм дыжьын медаль къыщыдыхьа, спортым щIыхь зиI э и мастер Джэду Іэниуаррэ.

Зэпеуэм пашэ щIыхьэхэр хэтынущ накъыгъэм и 2 - 5 махуэхэм Тегенекли щекIуэкIыну «Къэкlуэнум хуач лъэбакъуэ - КИФБЩ» зэхьэзэхуэм.

IЭПЩЭ ФатIимэ.

Къэралпсо зэпеуэм хэтынухэр

Налшык къалэм и «Гладиатор» спорт комплексым иджыблагъэ щекIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэм самбэмкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэр. Щылэхэри хъыджэбзхэри зэхэту абы щызэпеуащ КИФБЩ-м и бэнакIуэ 250-рэ, я ныбжьыкIэ илъэс 12 - 14-хэм итхэр.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и гъэсэнхэм ящыщу я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр къыщахьащ Бобровэ Адэрэ (кг 65-рэ) Къудей Бесльэнрэ (кг 50). Жылау Мухьэмэдрэ (кг 38-рэ) Джэгуг Кемранрэ (кг 54-рэ) етIуанэ хъуащ. Черновэ Дарье (кг 65-рэ), Къумыкъу Ренат (кг 38-рэ), Ташу Рэмэзан (кг 38-рэ), Къарэмыз Арсен сымэ ещанэ увыпIэр яубыдащ.

Командэм и тренерхэр Пшынащ Мурат, Новиковэ Антонинэ, Къарэмышэ СулътIан, Рахманов Валерэ, Ким Руслан, Соблир Рустам, Хьумар Мурат сымэщ.

Мыдрейуэ, зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIахэм Іэмал ягъуэтащ Урысейм самбэмкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хузунэтIауэ мы гъэм екIуэкIыну зэпеуэм.

АЛБЭРДЫКЪУЭ Іэмин.

Псори зыгуэрым и сэбэпщ

Дэнэкlи бжьыпэр щызыубыда технологиещIэхэм гъащIэм и лъэныкъуэ псоми зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр халъхьэ зэпытщ. Хьэпшпхэм я нэхъ инхэм къыщыщIэдзауэ нэхъ цIыкIу дыдэхэмкIэ иухьжу, зыкъомрэ мэлажьэ, ауэ я пIалъэр йокIри, хьифладзэн хуей мэхъу.

АХЭР пхъэнкIийм е кIэрыхубжьэрыхуэм яхэплъхьэу хьифIэбдзэным зэранигъэ къыдэкIуэнущ. Псалъэм папщIэ, ди къалащхьэр къэтщтэнщи, «Экологистика» Іуэхущ Іапсэм и нэIэм щIэт контейнерхэм куэдым иралъхьэ светодиод лампIэхэр, джьнасу термометрхэр, токIэ лажьэ хьэпшыпхэр (шейныIчхэр, лыхьэжхэр, пхъэщъхьэмыщхьэпсыр къызэрыщIахухэр, хадзэкIэхэр зэраупщIатэхэр, етуэгр, щхьэщыр зэрагъэгъуащхэр), машинэхэм къыщIахьж покрышкэ техъухьахэр н. къ. Иужьрейхэр удз гъэгъа хэсапIэу языныкъуэхэм къагъэсэбэп икIи ахэр щыфIьагъунущ фэтэр куэду зэкэт нэхъыщIэр илъэсипхъэм, кузбжэпэхэм. АрщхьэкIэ, ахэмрэ зэгуэр Іуахьжри, зыри къызыщымыщIа хьэфэ шинэхэр а контейнер дыдэхэм яхьын хуей мэхъу.

ЦIыкуэпсым и хъумакIуэхэмрэ цIыкуэхэм я узынщагъэм кIэлъыплъхэмрэ а Іуэхум теухуауэ къыхалъхьащ «Покрышкэхэр здащIымкIэ къала» зыфIаща урысейпсо акцэ. Ар къэралым и щынальэ псоми щагъэзэщIэнущ. Абы ипкъ иту машинэ зиIэхэм я покрышкэжьхэр щызэхуахьэс щIыпIэхэр къызэIуахьынущ.

Іуэхур япэу щаублащ Санкт-Петербург къалэмрэ абы егъэщIылъа щынальэхэмрэ. Іуэхум хуахакащ транспорт зэпыщIауэ 23-рэ. Ахэр щагъэуващ цIыху куэд щызэхэзекIуэ щыпIэхэм, бэзэрхэм, тыкуэнхэм я Іагъуэблагъэхэм. Зэрхъым тет Іыхьпlэхэр пхуэгъэIэпхъуэ зэрыхъум къыхэкIыу, щыпIэ нэхъыбэм ялъэIэсыфынущ. ГуащIэкIэ къудей мыхъуу, ахэр къудамэ щхьэхуэу зэпыудащ, апхуэдизкIэ пхэпщыпIэуэжьыгъуэ къэс я зырызу. Прицел зыпыщIа фургонхэм къэувыIэпIэ къэс зэманыфIкIи зыщагъэжь.

Апхуэдэ мардэхэм тету къэралым щызэщIакъуэ хьэпшыпхэмрэ покрышкэхэмрэ къыхащIыкI иужьрей илъэсхэм сабий джэгуПIэхэм, спортымкIэ утхэм ираутхъэ хьэфэ лъэгу щабэ шынагъэуэнщхэр, уеблэмэ углеводород гъэсынпхьэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр пщIэрей къыдэкIынущ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖЬэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Іэнатіэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щынальэ Іуэхущ Іапсэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.553
Заказыр №857

12+

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщалэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управлензм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Елмэс ФатIимэ** *(2, 3-нэ нап.)*.

Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытыздзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.